**ÓZBEKİSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HÁM ORTA ARNAWLÍ BİLİM BERİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAĞÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**QARAQALPAQ FİLOLOGİYaSI FAKULTETİ**

Fakultet dekanı:

_____ f.i.k. dots. Turdabaev Q.

«_____» «__________» 2018 j.

**5320100 – Jurnalistika bakalavr baǵ darınÍń 4-kurs studenti**

**Muxiyatdinoova Tursinaedıń**

**Tema:** : **«Xalıqtıń siyasiy sawatlılıǵın jetilistiriwde rásmiy gazetalardıń roli (2016-2017-jıllar mısalında)»**

degen atamadaǵ Í

# PİTKERİW QÁNİGELİK JUMÍSÍ

Jaqlawǵa ruxsat etildi:
Jurnalistika kafedrası baslÍǵı:
f.i.k.Orazımbetova Z. ___________
«___» «__________» 2018 j.

İlimiy basshı: Qojiqbaeva **Ziyada Adilbavna** – filologiya ilimleriniń kandidatÍ, jurnalistika kafedrasÍ dotsenti.
__________

**Nókis - 2018-jıl**

**Mámleketlik Attestatsiya Komissiyasınıń Qararı:**

**Qaraqalpaq filologiyası fakulteti Jurnalistika qánigeliginiń pitkeriwshisi Muxiyatdinova Tursınaydıń pitkeriw qánigelik jumısına «______» ball qoyılsın «_____»_______ 2018.**

MAK BASLIĠI: _________________________

MAK AĠZALARI: _________________________

_________________________

_________________________

_________________________

# MAZMUNI

**Kirisiw**

**I Bap**. Prezident pármanları- xalıq mápin qorǵawdıń baslı shárti.

1.1. Xalıqtıń siyasiy bilimin jetilistiriwde ózbekstan Respublikası Konstitutsiyasınıń áhmiyeti

1.2. **«İnsan mápleri hámme nárseden ullı» degen ideya tiykarıǵı baǵdarları**

**II Bap. Baspasòz hám jámiyettiń siyasiy mádeniyatı**

**2.1.** «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasındaǵı rásmiy materiallardıń ornı

2.2. Húkimetlik qararlardıń orınlanıwınıń baspasòzdegi kòrinisi

**Juwmaq**

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

# KİRİSİW

Adamlarda siyasiy mádeniyattıń qáliplesiwi ózine tán ózgeshelikke iye boladı. Bunday ózine tánlik siyasattıń jámiyettiń mánáwiy turmısında kóriniwi arqalı insan sanasında hár qıylı bolıwınan kelip shıǵadı. Siyasiy mádeniyatlılıq hám siyasiy sawatqanlıq birlen bolmaydı. Birinshi náwbette insannıń qızıǵıwshılıǵınan kelip shıǵadı.

İnsan úlkeyip barǵan sayın jámiyet turmısında júz berip atırǵan hádiyselerdiń mánisin, olardıń kelip shıǵıw sebeplerin hám aqıbetlerin áste aqırınlıq penen ańlap baradı hám olar haqqında jeterli bilimge iye boladı. Bul protsessti tezletip bolmaǵanınday, toqtvtıw da múmkin emes. Siyasiy mádeniyatqa tán belgiler jámiyettiń barlıq aǵzalarında bir waqıtta qáliplespeydi. Bul birinshi náwbette onıń qızıǵıwshılıǵına, ekinshiden uqıbına hám úshinshiden, jetkeriliw usılına baylanıslı boladı.

Ǵárezsizlik daǵazalanǵanan keyingi qısqa waqıt ishinde puqaralar sotsiallıq tolparlar, gruppalar, qatlamlarǵa bólindi. Olardıń óz-ara baylanısı qızıǵıwshılıǵınan kelip shıǵadı. Unamlı ózgerisler bolıp ótken keyingi jıllarda ótkerilgen Prezident saylawları, ózbekstan Respublikası Konstitutsiyasınıń ulıwma xalıqlıq talqılanıwı, jańa quramdaǵı Oliy Májiliske ótkerilgen saylawlar, ulıwmaxalıqlıq Referendum hám usıǵan usıǵan úlken siyasiy hádiyseler bolıp ótti. Puqaralarla qáliplesken islerlikler hám siyasiy danıshpanlıqlarda jańa jámiyettiń siyasiy mádeniyattıń joqarı dárejesi óz sáwleleniwin taptı. Álbette, bunda siyasiy baspasózdiń xızmeti úlken.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń aktuallıǵı.** Ǵalaba xabar qurallları arasında baspasózi óziniń uzaq tariyxı hám qáliplesken dástúrleri iye ekenligi menen ajıraladı. Basılımlardıń rawajlanıwı dáwirinde básekege túsiw ushın bir neshe túrleriniń rawajlanıwı kózge taslanadı. Baspasóz tipologiyasın úyrengen ilimpazlar M.V.Shkondin[1], S.Korkenosenko[2], Ë.Mamatovalardıń[3] pikirline súyengen halda

[1] Шкондин М.В. Организация средств массовой информацтт и пропоганды. – М.,1985.
[2] Корконосенко С. Осноаы текории журналистики. СПб.1995.

Qaraqalpaqstanda jámiyetlik siyasiy gazeta «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası tiykarında pikir júritemiz.Siyasiy sawatlılıqtı jetilistiriw bağdarında «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası qáliplesken dásiúrleri bar. Bulardı izertlew arqalı auditoriyanıń iskerligi máselesin de úyrenbekshimiz. Bul izlenisler pitkeriw qánigelik jumısımızdıń aktuallığın belgilep beredi.

**Pitkeriw qánigelik jumısımızdıń maqseti hám wazıypaları.** Rásmiy gazetalardıń tipologiyalıq ózgesheligin úyreniyadi jumısımızdıń maqseti dep bildik. Usı tiykarda tómendegi wazıypalardı belgilep aldıq:

- ózbekstan Respublikası Prezidenti Pármanlarınıń áxmiyetin túsindiriw;

-Háreketler strategiyasın túsindiriwde gazetanıń ornın úyreniw;

- «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında hukimetlik qararlar boyınsha rubrikalardı anıqlaw;

- Baspasózde Konstitutsiyanı úyretiwdi izertlew;

-Sud-huqık sistemasındağı ózgerislerdi túyardiriwde gazetanıń xızmetin izertlew;

-Sotsiallıq saladağı jańalıqlardıń gazetada beriliwin úyreniw;

-Bilimlendiriw hám tárbiyadağı jańalanıwlardıń baspasózdegi sáwleleniwin izertlew;

-jámiyetlik shólkemler xızmetine baha beriw.

Máselelerin gazeta materialaları mısalında úyreniwden ibarat.

**Pitkeriw qánigelik jumısımızdıń obekti hám predmeti.** İzertlenip atırğan máseleni úyreniwde «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası tiykarğı obektimiz bolıp, 2016-2017-jılğı gazeta materialları jumısımızdıń predmeti wazıypasın atqaradı. ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziëevtiń ózbekstan Respublikası Konstituttsiyasınıń 25 jıllıq saltanatların shığıp sóylegen bayanatların basshılıqqa alıp, onda qaralğan máselelerdiń ámeldegi orınlanıwın qadağalawğa aldıq.

[3] Маматова Ё.Периодическая печать Узбекистана: транформация систем, тенденции и проболкмы функционирования (на мавтериалах за 1991-2010г.г).Т.,2006.

**Pitkeriw kánigelik jumısımızdıń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyeti.** Baspasòz arqalı xalıqtıń siyasiy sawatlılığın jetilistiriw xızmeti máselelerin izertlew – jumısımızdıń teoriyalıq áhmiyetin belgileydi.

Biziń bul pitkeriw qánigelik jumısımızdıń materialları tiykarında jurnalistika qánigeligine baylanıslı sabaqlarda jurnalisttiń siyasiy juwapkershiligi, xalıq penen islesiw sheberligi, gazetalardıń sapasın arttırıwda kún tártibindegi másele bilim beriwshi sabaqlarda paydalanıwǵa boladı. Bul jumısımızdıń ámeliy áhmiyeti.

**Jumısımızdıń metodologiyalıq tiykarı** sonnan ibarat, jumıstı jazıwda - òzbekstan Respublikasınıń mámleketti modernizatsiyalaw hám kúshli puqaralıq jámiyet qurıw haqqındaǵı maqsetinen kelip shıǵıp, òzbekstandı siyasiy-ekonomiyalıq rawajlandırıwdıń 2017-2021-jıllarǵa mòqsherlengen «Háreketler strategiyası» mámleketlik baǵdarlaması hám Prezidentimiz qararların úyreniw jumısımızdıń metodologiyalıq tiykarı bolıp esaplanadı.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń ilimiy jańalıǵı:** Bul máseleniń usı baǵdarlarda, yaǵnıy «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında húkimetlik qararlardıń úgit-násiyatlanawı temasınıń dáslepki márte úyrenilip atırǵanı – jumısımızdıń jańalıǵı bolıp tabıladı.

**Jumıstıń quramı:** kirisiw, juwmaq, ádebiyatlar diziminen tısqarı eki baptan ibarat.Jumıstıń kirisiw bòliminde aktuallıǵı, maqseti hám wazıypaları, obkuti hám predmeti, jumıstıń ilimiy jańalıǵı hám strukturalıq qurılısı haqqında sòz etilgen.

## I Bap. Prezident pármanları- xalıq mápin qorǵawdıń baslı shárti

### 1.1. Xalıqtıń siyasiy bilimin jetilistiriwde ózbekstan Respublikası Konstitutsiyasınıń áhmiyeti

Hár bir mámlekettiń ósip rawajanıwında áhmiyetli baǵdar beriwshi hújjet boladı. Biziń mámlekemiz ushın usınday tariyxıy hújjet – ózbekstan Respublikası Konstitutsiyası bolıp esaplanadı. Onda tek ǵana mámlekettiń emes, onıń puqaralarınıń da minnet hám wazıypaları belgilengen. Jáne bir áhmiyetli tárepi sonda, bul hújjet siyasiy sawatlandıw baǵdarında eń birinshi úyreniletuǵın Qomusımız bolıp tabıladı. Sonlıqtan da Tiykarǵı enızamımızdıń qabıl etilgenliginiń 25 jıllıǵı mámlekemizde úlken bayram sıpatında belgilendi.

«Jigirma bes jıl – tariyx ushın bir máwrit ǵana. Usı qısqa dáwir ishinde janajan ózbekistanımız ǵárezsiz hám suveren mámleket sıpatında qáliplesip, dúnya jámiyetshiliginen múnásip orın iyeledi, shın mánisinde úlken rawajlanıw jolın basıp ótti.

Áne usı mashaqatlı hám maqtanıshlı jolda erisken barlıq jetiskenliklerimizdi, eń áwele Konstitutsiyamız benen baylanıstırıwımız, álbette biykarǵa emes. Nege degende, Tiykarǵı nızamımız xalqımız uzaq jıllar arzıw qılǵan milliy ǵárezsizligimiz hám rawajlanıw jolımız, insan huqıq hám erkinlikleri kepilliklerin belgilep berdi»[4]-degen edi ózbekstan Respublikası Prezdenti Sh.M.Mirziëev.

Shınında da, tolıq isenim menen aytıw múmkin, ózbekistan Respublikasınıń Konstitutsiyası xalqımız siyasiy-huqıqıy sanasınıń eń joqarı úlgisi. Ol hesh kimge qaraslı bolmastan, erkin hám azat, tınısh hám tatıw, abadan jasawdıń nızamlı kepilligi bolıp kelmekte. Bazar qatnasıqlarına tiykarlanǵan huqıqıy demokratiyalıq mámleket, kúshli puqaralıq jámiyet tiklew boyınsha bekkem tırnaq bolıp xızmet etpekte.

---

[4] Конституция – еркин ҳәм абадан турмысымыз, мәмлекетимизди және де раўажландырыўдың беккем тырнағы Президент Шавкат Мирзиёевтың Өзбекистан Республикасы Конституциясы қабыл етилгениниң 25 жыллығына бағышланған салтанатлы жыйналыстағы баянаты.// «Еркин Қарақалпақстан», 2017-жыл,10-декабрь.

Konstitutsiyamız tiykarında mámleketimizde milliy nızamshılıq sisteması, mámleketlik organlar, puqaralıq jámiyet institutları qáliplesti. Búgingi kúnde barlıq tarawlarda keń kólemli reformalar ámelge asırılmaqta. Sotsiallıq-ekonomikalıq, siyasiy hám áskeriy tarawımız rawajlanıp, puqaralarımızdıń dúnyaqarası kem-kemnen ósip barmaqta. Bulardıń barlıǵı, eń áwele, Bas nızamımızdıń ómirbaqıy kúsh-qúdireti nátiyjesi.

Házirgi waqıtta Tiykarǵı nızamımız talapların tolıq ámelge asırıw boyınsha ele aldımızda úlken wazıypalar tur. Xalqımızdıń turmıs dárejesi hám sapasın jáne de jaqsılaw, insan huqıq hám máplerin ámelde támiyinlew boyınsha ele kóp jumıs islewimiz kerek.

Eń áwele, adamlarımız reformalar nátiyjesin keleshekte emes, al búgin óz turmısında seziwi zárúr.

Áne usı maqsette biziń mámleketitmizde rawajlanıwdıń jańa basqıshına qádem qoydı, imkaniyatlarımızdı qalıs bahalaw menen birge, qáte hám kemshiliklerimizdi de hár tárepleme talqılanbaqta. Sonıń ushın hár tárepleme tereń oylap, 2017-2021-jıllarda ózbekistan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes jetekshi baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası qabıllandı. Usı hújjet áhmiyeti boyınsha, jámiyet turmısınıń barlıq tarawlarındaǵı sistemalı reformalardıń «jol kartası»na aylandı.

Háreketler strategiyası orınlanıwı sheńberinde 2017-jıldıń ózinde 20 dan artıq nızam hám 700 den zıyat nızamastı hújjetler qabıllandı. Xalıq penen pikirlesiw hám insan mápleri jılı dep daǵazalanǵan 2017-jılda «İnsan mápleri hámme nárseden ullı» degen ideya tiykarında úlken jumıslar ámelge asırıldı. Bul jumıslar Konstitutsiyamızdıń tiykarǵı printsiplerin ámelge asırıwda jáne bir úlken qádem boldı.

Usı jıl mámleketlik hákimiyat sistemasında absolyut jańa institut – ózbekistan Respublikası Prezidentiniń Virtual qabıllawxanası, orınlarda Xalıq qabıllawxanaları shólkemlestirildi. Usı dúzilmeler barlıq dárejedegi mámleketlik hákimiyat hám basqarıw organlarınıń puqaralar menen birge islesiwi, xalıqtıń eń áhmiyetli mashqalaların sheshiwdiń nátiyjeli sistemasına aylandı.

Hákimiyattıń xalıq saylaǵan wákillik organları – parlament, xalıq deputatları keńesleriniń mámleketimiz sotsiallıq-siyasiy turmısındaǵı roli hám áhmiyeti túp-tiykarınan ózgerdi. Oliy Majlis, siyasiy partiyalarıń wákillikleri basqıshpa-basqısh keńeydi, parlament hám jámiyetshilik qadaǵalawı institutları bekkemlenbekte.

ótken dáwirde atqarıwshı hákimiyattı demokratlastırıw jumısları da izbe-iz alıp barıldı. Húkimettiń wazıypa hám wákillikler sheńberi keńeytilip, parlament aldında esap beriw dárejesi hám juwapkershiligi kúsheytildi. Bul Konstitutsiyanıń 7-statyasında bekkemlengen «Xalıq mámleketlik hákimiyattıń birden-bir deregi» degen ullı ideyanıń ámeliy kórinisi desek hár tárepleme durıs boladı.

Sonıń menen birge, hár kim erkinlik hám jeke qol qatılmaslıq huqıqına iye ekeni, jınayat islewde ayıplanıp atırǵan shaxstıń ayıbı sudta anıq bolmaǵansha, ol ayıpker esaplanbaslıǵı haqqındaǵı konstitutsiyalıq normalardı ámelde támiyinlew boyınsha zárúr sharalar kórildi. Álbette, bul qaǵıydanı turmısqa tolıq engiziw, birinshi gezekte, sudlardıń shın ǵárezsizligi, olardıń ádalatlı xızmet júrgiziwi menen bekkem baylanıslı.Usı maqsette birden-bir sud ámeliyatın támiyinlew ushın ózbekistan Respublikası Oliy sudı hám Oliy xojalıq sudı biriktirildi.

Sudyalardı tańlaw hám lawazımlarǵa tayınlawda nızamsız aralasıwlardıń aldın alıw, ashıq, áshkara hám alternativalı tańlaw sistemasın jaratıw maqsetinde Sudyalar oliy kengashı engizildi.

Ápiwayı etip aytqanda, sudya múddetsiz dáwirge tayınlansın, biraq ol bárha xalıqshıl bolıp, ádalatlı jumıs alıp barsın. Sudya ádalatlı húkim shıǵarıwı ushın awele xalıqtı, onıń turmısın, dárt-táshwishlerin jaqsı biliwi kerek.

Áne usı reformalardıń logikalıq dawamı sıpatına adminstrativlik sudlar xızmeti jolǵa qoyıldı. Endi puqaralarımızdıń huqıqları mámleketlik keńeseler tárepinen buzılsa, olar hár bir rayon hám qalada dúzilgen adminstrativlik sudlarǵa múrájat etiwi múmkin.

Sudlardıń xalıq aldındaǵı juwapkershiligin asırıw maqsetinde jańa tayınlanıp atırǵan sudyalar tiyisli aymaq jámiyetshiligi, máhálle aktivleri talqılawınan ótkerilmekte.

Sonıń ushın da 2017-jıl 28-noyabrde «Sud-tergew xızmetinde puqaralardıń huqıq hám erkinlikleri kepilligin kúsheytiw boyınsha qosımsha shara-ilajlar haqqında»ģı Prezident Pármanı qabıllandı. Usı Pármanģa bola bunnan bılay ỏzbekistanda qıynaw, ruwxıy, fizikalıq basım ỏtkeriw hám basqa zorlıq halatlarına absolyut jol qoyılmaydı. Bunday jınayıy qılmıslardı islegen hár qanday shaxs, ol kim bolıwına qaramastan, anıq túrde jazaģa tartıladı.

Jınayat isleri sheńberinde nızamsız usıllar menen alınģan hár qanday maģlıwmatlardan, atap aytqanda, audio hám video materiallardan, dálillerden paydalanıw qatań qadaģan etiledi. Qıynaw, qorģawģa bolģan huqıqtı buzıw, insandı aldaw hám tergew protsesinde basqa nızamsız usıllardı qollaw qadaģan etiledi.

Dálillerdi jasalmalastırıw ushın ỏz aldına jınayıy juwapkershilik engiziledi.

Endi advokatlar jınayat isi boyınsha dálillerdi toplaw hám usınıw huqıqına iye boladı. Bul dáliller tergew hám sud keńeseleri tárepinen májbúriy tekseriliwi hám bahalanıwı kerek.

Bul protsesste eń tiykarģı itibar puqaralarımız ỏz huqıqların ámelge asırıw ushın keń imkaniyatlar jaratıwģa qaratıldı. «Fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájatları haqqında»ģı Nızam jańa redaktsiyada qabıllandı. Usı tiykarda xalıq ushın maqul bolģan usıllar – «isenim telefonları» hám tez baylanıs telefonları arqalı hám de videkonferentsiyabaylanıs járdeminde múrájat etiw tártibi engizildi.

Puqaralarımızdıń Konstitutsiyada bekkemlep qoyılģan mámleketlik organlar hám mákemelerge, xalıq wákillerine múrájat etiw huqıqın támiyinlew maqsetinde ģalaba ushırasılarda múrájatlardı qabıl etiw tártibi belgilendi. Búgingi kúnde puxaralarımız lawazımlılar aldına emes, al lawazımlı shaxslardıń ỏzleri xalqımız aldına barmaqta. Bul – úlken ỏzgeris.

Házirgi waqıtta kỏp basshılar bulardıń hámmesi waqıtsha bir jıllıq is, degen bos qıyal menen júripti. Biraq olar sonı qulaģına quyıp alsın, kỏpirler álle qashan janıp ketken. Endi hesh qashan artqa qaytpaymız.

Biz bilemiz, 2017-jılda sud, huqıq qorģaw hám baqlaw organları hám kommertsiyalıq bank basshıları mámleketimizdiń kỏplegen aymaqlarında

qabıllawlar ȯtkerdi. Bul qabıllawlarda korruptsiyaġa qarsı gúresiw, onıń aldın alıw menen baylanıslı mashqalalar boyınsha 43127 puxara qatnastı.

Bul ilajlarda puxaralar tárepinen kredit ajıratıw, huqıq qorġaw hám sud organları qararlarına tiyisli, bántlik hám is haqı tȯlemleri, isbilermenlik, elektr hám tábiyiy gaz támiynatı, den sawlıqtı saqlaw hám basqa máselelerge tiyisli 22186 múrájat bildirildi. múrájatlardıń 6484i ornında sheshildi, 15702si tiyisli orınlarġa úyreniw ushın tapsırıldı. 94 halat boyınsha xızmet tekseriwleri tayınlanıp, ayıpker shaxslardıń juwapkershiligi belgilendi.[5]

İlgeri Bas prokuratura, sud hám basqa organlar basshılarınıń wálayatlarġa barıwġa waqtı joq edi. Olar Tashkente otırıp is kȯrer edi. Sonıń ushın ȯmirden, adamlardı qıynap atırġan mashqalalardan uzaqlasıp ketken edi.

Bul baġdarda jáne bir áhmiyetli hújjet – «Huqıqıy xabardı hám onnan paydalanıwdı támiynlew haqqında» jańa Nızam qabıl etildi. Onda puxaralardıń huqıq hám máplerine tiyisli bolġan hújjetler hám basqa materiallar menen tanısıp shıġıw imkaniyatı jáne de asırıldı.

Bunnan keyin puxaralarımız hár qanday mámleket organları, basqa shȯlkemler hám lawazımlı shaxslardan huqıqıy informatsiyanı hesh qanday sheklewsiz alıwına kepillik beriledi.

Ne ushın bunday qaġıyda engizildi?

Konstitutsiyamızġa belgilep qoyılġan «Hár bir shaxs múlkdar bolıwġa haqılı» hám de «Jeke múlk basqa múlk formaları sıyaqlı qol qatılmaydı hám mámleket qorġawında» degen normalardı ámelde júzege shıġarıw maqsetinde jańa institut - ȯzbekstan Respublikası Prezidenti qasında İsbilermenlik subektleriniń huqıqları hám nızamlı máplerin qorġaw boyınsha wákil institutı shȯlkemlestirildi.

Sonday-aq, ȯzbekstan Respublikası Oliy májilisiniń İnsan huqıqları boyınsha wákiliniń jumısı jetilistirildi. Onıń jazanı orınlaw mákemelerinde baqlawdı ámelge asırıwġa tiyisli wákillikleri keńeytildi.

Álbette, «Qáwipsiz qala» joybarın turmısqa endiriw nátiyjesinde bul baġdardaġı jumıslarımız nátiyjesi jáne de artıp baradı. Jámiyetimizde «Nızam hám

[5] Сол баянаттан.

ádalat – baslı, jınayatqa jaza – shárt» degen printsipti qarar taptırıw ushın bar kúsh hám imkaniyatlardan paydalanbaqta.

Huqıqtı qorǵawshı organlardıń xızmeti pútkilley ózgermekte. Huqıqbuzarlıqlar profilaktikası hám jınayatshılıqqa qarsı gúrestiń ulıwma jańa sistema jaratıldı. Tek jazalaw menen qorqıtıp, huqıqbuzarlıqtıń aqıbeti menen gúresiw emes, balki nızamsız háreketler júz beriwiniń erte aldın alıw eń aktual máselege aylandı.

Hámmemizge málim, Tiykarǵı nızamımızda «Mámleket xalıq jigerin sáwlelendirip, onıń máplerine xızmet etiwi» haqqındaǵı norma belgilep qoyılǵan. Onıń orınlanıwın ámelde támiyinlew maqsetinde Hákimshilik reformalar kontseptsiyası qabıl etildi.

Kontseptsiyaǵa tiykarınan mámleket basqarıwı sistemasın túpten reformalawdıń 6 baslı baǵdarı belgilendi hám arnawlı «jol kartası» boyınsha 100 den artıq atqarıw hákimiyatı organları xızmeti qayta kórip shıǵılmaqta.

Hákimshilik reformalardı ámelge asırıwdan tiykarǵı maqset – ıqsham hám professional atqarıw organları sisteması, zamanagóy menejmentke tiykarlanǵan basqarıw sistemasın jaratıwdan ibarat.

Búgingi kúnde mámleketimizde alıp barılıp atırǵan reformalar nátiyjesi eń áweli joqarı mánewiyatqa, erkin pikirleytuǵın, Watanımız táǵdiri hám keleshegi ushın juwapkershilikti óz moynına alıw qolınan keletuǵın jas kadrlar qatarın keńeytiwge tikkeley baylanıslı.

Usı maqsette jáne bir áhmiyetli hújjet – «Jaslarǵa tiyisli mámleket siyasatı nátiyjeliligin arttırıw hám ózbekistan jaslar awqamı xızmetin qollap-quwatlaw haqqında»ǵı Párman qabıl etildi. Bul haqqında aytqanda, ózbekistan xalqınıń 60 protsentten zıyatın 30 jasqa shekem bolǵan jaslar quraytuǵının atap ótiw lazım. Biz jaslar ushın olardıń salamat tuwılıwınan baslap, óz betinshe turmısqa kirgenine shekem barlıq zárúr sharayatlardı jaratıp beriw maqsetinde qanday úlken islerdi ámelge asırıp atırǵanımız sizlerge jaqsı málim.

Eń tiykarǵısı, olardıń qálbinde bay tariyxımız, mádeniy miyrasımız benen maqtanısh etiw sezimi kámal tabadı. Házirgi payıtta perzentlerimiz tárbiyasında eń

tiykarġı buwın esaplanġan mektepke shekemgi sistemanıń zaman talaplarına sáykes kelmewi de sır emes. Usı tarawġa bir payıtları itibarımızdı páseytip jibergenimiz aqıbetinde kȯp ġana mashqalalar jıynalıp qalġanın ashıq aytıw lazım.

Baqsha tárbiyasın kȯrgen balanıń sanası, dúnyaġa kȯzqarası qanday joqarı bolıwın búgin kimgedur dálillep otırıwdıń, men oylayman, hesh qanday hájeti joq. Bul halatlardıń barlıġın esapqa alıp, Mektepke shekemgi tálim ministrligi shȯlkemlestirildi. Bul ministrlik juwapkershiligine hákimshilik reformalar sheńberinde belgilengen baslı baġdarlardan kelip shıġıp, bir qatar áhmiyetli wazıypalar júklendi.

Bul boyınsha qabıl etilgen baġdarlamaġa muwapıq jaqın 3-4 jıl dawamında jurtımızdaġı barlıq aymaqlarda – bul úlken qalalar bola ma, yaki alıs awıllar bola ma, mıńlaġan jańa baqshalardı qurıwımız zárúr. Olardı zamanagȯy talaplar tiykarında úskenelep, tájiriybeli tárbiyashı hám qánigeler, jańa metodika menen támiyinlewimiz kerek.

«ȯzińiz oylap kȯriń, awılda jasap atırġan analar ushın, apa-qarındaslarımız ushın ȯz perzentin baqshaġa beriw imkaniyatı qanday jańa, qanday keń sharayatlar tuwdıradı. Bala baqshada salamat turmıs tiykarında, mektepke tayar bolıp er jetedi. Húrmetli hayallarımız balasınan kewli toq bolıp, jámiyetlik miynet penen, úy-ruwzıgershilik isleri menen biymálel shuġıllanadı. Qala berse, olarda dem alıw, ȯz densawlıġı haqqında oylaw ushın az gana bolsa da sharayat payda boladı»-degen edi Sh.M.Mirziёev.

Sonıń ushın mektepke shekemgi bilimlendiriw tarawında áne usınday úlken reformalardı turmısqa engiziw boyınsha jumıslar baslanıp ketti.

Búgingi kúnde dúnya kȯleminde ayawsız báseki kúnnen-kúnge keskin tús almaqta. Bunday quramalı sharayatta zamanagȯy ilim hám innovatsiya jetiskenliklerin keń engiziw boyınsha biz úzliksiz jumıs alıp barıwımız kerek.

Nege degende, bul másele házirgi waqıtta xalıq párawanlıġın jetilistiriw, mámleket hám jámiyet turmısınıń barlıq tarawların turaqlı rawajlandırıw, Watanımızdıń jarqın keleshegin jaratıwdıń sheshiwshi faktorına aylanbaqta.

2016-jıl 24-dekabrde«ỏzbekistan Respublikası innovatsion rawajlanıw ministrligin shỏlkemlestiriw haqqında»ġı Párman usı maqsetlerdi júzege shıġarıwġa qaratılġanı menen júdá úlken áhmiyetke iye.

Puqaralarımızdıń Konstitutsiyada bekkemlengen sotsiallıq huqıqların támiyinlew boyınsha jıl dawamında awıllıq jerlerde jańa úlgili joybarlar tiykarında 24 mıń, qalalarda 187 zamanagỏy kỏp etajla úy-jaylar qurıldı.

Xalıqtı oraylastırılġan tarmaqlar arqalı suw menen támiyinlew maqsetinde 218 joybar ámelge asırılıp, 350 mıń adamnıń suw támiynatı jaqsılandı. Awıllıq vrachlıq punktleri tiykarında 800 ge jaqın shańaraq poliklinikaları, 400 den zıyat meditsinalıq járdem shaqapshaları shỏlkemlestirildi. Tez meditsinalıq járem xızmetleri 1260 arnawlı transportlar menen támiynlendi. 300 den artıq mektepke shekemgi tálim mákemesi rekonstruktsiyalandı. Den sawlıqtı saqlaw sistemasın rawajlandırıw baġdarındaġı islerge kelesi jılda da ayrıqsha áhmiyet qaratamız.

Sotsiallıq ádalat printsipin támiynlew, kỏmek hám járdemge mútáj insanlar, nágiranlıġı bolġan shaxslardıń tolıq turmıs keshiriwleri ushın mánásip sharayat jaratıp beriw máselesine jámiyetimiz hám mámleketimiz tárepinen úlken dıqqat qaratıldı.

Bul baġdarda usı jıldıń ỏzinde nágiranlarġa 2 trillion 600 mlrd swm pensiya hám napaqalar tỏlendi.

Kem támiynlengen, úy-jayġa mútáj 1200 den artıq nágiran puxaralarġa arzan úy-jaylar ajıratıw boyınsha shártnamalar imzalanıp, baslanġısh tỏlemler ushın 22 mlrd swmnan artıq qarjı ajıratıldı.

Miynetke uqıplılıġı sheklengen 972 nágiran hayalġa kasanashılıq penen shuġıllanıwı ushın tigiw mashinaları alıp berildi hám olar ushın turaqlı dáramat deregi ajıratıldı. Usınday tayıpadaġı puxaralarġa 7 mıńnan artıq protez-ortopediya quralları, 6500 den artıq nágiranlıq arbaları, 1600 ge jaqın esitiw apparatı biypul berildi.

Nágiranlıġı bolġan hám napaqa jasındaġı puxaralardıń emlew-profilaktika mákemelerinde biypul emleniwi ushın 23500 ge jaqın jollama ajıratıldı.

Bunday mısallardı jáne kỏplep keltiriw múmkin.

Biraq xalıqtıń sotsiallıq qorǵawǵa mútáj qatlamların hár tárepleme qollap-quwatlaw, olarǵa joqarı meditsinalıq-sotsiallıq járdem kòrsetiw, kásipke oqıtıw, bántligin támiynlew boyınsha ele aldımızda kòp wazıypalar turıptı. Sonıń ushın bull baǵdardaǵı islerimizdi jetilistiriwge qaratılǵan usınıslarımızdı tayarlaw boyınsha komissiya dúzilip, tarawda tereń úyreniwler ȯtkerildi. Keń jámáátshilik wákilleri tárepinen bildirilgen pikir-usınıslar tiykarında «Nágiranlıǵı bolǵan insanlardı mámleket tárepinen qollap-quwatlaw sistemasın túpten rawajlandırıw is-ilajları haqqında»ǵı Párman qabıl etildi hám bul baǵdarda qosımsha jeńillik hám imkaniyatlar berildi.

Bul baǵdarda jáne bir áhmiyeetli hújjet – «Nágiranlıǵı bolǵan insanlar huqıqları haqqında»ǵı Nızam qabıl etiledi.[6]

Bul máselelerdi sheshiw ushın Den sawlıqtı saqlaw ministrligi qasında shȯlkemlestirilip atırǵan Nágiranlıǵı bolǵan insanlardı qollap-quwatlaw fondı nátiyyjeli xızmet kòrsetiwi kerek. Sonday-aq, jalǵız qarıyalar, xalıqtıń sotsiallıq qorǵawǵa mútáj basqa qatlamların sotstsiallıq qorǵawǵa qánigelestirilgen arnawlı dúzilme ȯz isin kúsheytiwi talap etiledi.

ȯzbekistan húkimeti bunnan bılay ȯz puxaralarınıń huqıq hám máplerin olar qay jerde bolıwına qaramastan, hár tárepleme qorǵaydı.

Bul islerdi ámelge asırıw jolında birinshi adımdı attıq. Rossiyaya menen miynet migratsiyası boyınsha kelisimge erisildi. ȯzbekistannan arnawlı delegatsiyalar barıp, shet eldegi watanlaslarımız benen ushırasıwlar ȯtkermekte. Olardıń miynet hám jasaw sharayatların jaqsılaw, huqıqların támiynlew boyınsha jergilikli basqarıw organları menen birgelikte zárúr is-ilajlar kòrilmekte.

Shet ellerdegi jurtlaslarımızǵa konsullıq xızmetleri hám basqa xızmetler kòrsetiw, olardıń jurtımızǵa biymálel klip-ketiwleri, mámleketimizdiń rawajlanıwına ȯz úleslerin qosıwları ushın zárúr sharayatlar jaratılmaqta. Bull islerdi keleshekte jáne de keńeytemiz.

Jáne bir áhmiyetli másele – Konstitutsiya hám nızam ústinligi hám nızamlılıq printsipleriniń sȯzsiz támiynleniwi insan huqıq hám erkinliklerin

[6] «Нәгиранлығы болған инсанлар ҳуқықлары ҳаққында»ғы Өзбекстан Ресаубликасы Нызам//Еркин Қарақалпақстан.

qorġawdıń áhmiyetli kepilligi bolıp tabıladı. Biz bull pikirdi jáne de tereń ańlap alıwımız kerek.

Usı kòz-qarastan, Konstitutsiya hám nızam talardarına aljsapay ámel qılıw mánáwiy sapamız, mádeniyatımızdıń tiykarġı òlshemine aylanıwı shárt.

Biz jáhán jámiyetshiligi menen birge islesiwdi sistemalı dawam ettiriwdi òz aldımızġa qoyġan ullı maqsetlerge jetiwdiń eń áhmiyetli faktorı dep bilemiz. Usı maqsette dúnyadaġı barldıq uzaq-jaqın mámleketler, birinshi gezekte qońsı mámleketler menen nátiyjeli baylanıslardı jáne de kúsheytiw kúnniń áhmiyetli wazaypası esaplanadı.

## 1.2. «İnsan mápleri hámme nárseden ullı» degen ideya tiykarıǵı baǵdarları

İnformatsiya ásirinde jasap atırǵan hár bir puqara jámiyetlik turmısın ǵalaba xabar qurallarısız kȯz aldına keltire almaydı. Álbette, ǵalaba xabar kuralları arqalı tek informatsiyalardı oqıp, jańalıqlardı esitip qoymastan, al keń jámiyetshiliktiń pikir usınıslarınan sonday-aq dȯretiwshiligi menen tanısıp barıwda da tiykarǵı minber boladı.

Mámleketimizde demokratiyalıq reformalardı tereńlestiriw boyınsha aldımızda úlken hám áhmiyetli wazıypalar turǵanlıǵın atap ȯtip prezidentimiz bılıy degen edi:

« Biz ȯz isimizdi «Ullı keleshegimiz búginnen baslanadı» degen uran astında shȯlkemlestiriwimiz, xalqımızdıń párawan turmısın támiynlew ushın bar kúsh hám potentsialımızdı iske salıwımız zárúr.

Bul haqqında gáp bolǵanda, itibarıńızdı tȯmendegi áhmiyetli máselege qaratpaqshıman»degen edi Prezidentimiz Sh.M.Mirziёev

El basshısı tárepinen berligengen usı segiz máseleni ȯz aldına úyrenip shıqsaq:

*Birinshiden,* mámleket organlarınıń kúndelikli iskerliginde insan huqıqları hám erkinligine tiyisli konstitutsiyalıq printsip sȯzsiz támiynleniwi shárt.

«Xalıq mámleketlik organlarǵa emes, mámleketlik organlar xalıqqa xızmet etiwi kerek» degen printsip barlıq buwındaǵı basshılardıń jumısında tiykarǵı qaǵıydaǵa aylanıwı kerek. Búgingi kúnge kelip orınlarda tȯrt sektor jumısı jolǵa qoyıldı hám xalıqtıń sotsialıq turmısında aytarlıqtay  ȯzgerisler júz bermekte.

*Ekinshiden*, xalıq hákimiyatshılıǵı haqqındaǵı konstitutsiyalıq printsiptiń tiykarǵı mazmunın bárshemiz tereń ańlap jetiwimiz zárúr.

Bunıń ushın túrli dárejedegi orınlaw hákimiyatı organlarınıń xalıq wákilleri – parlament hám jergilikli keńesler aldında esap beriw ámeliyatın keńnen engiziwi kerek. Parlament, wákillik hám jámáátshilik baqlawı mexanizmlerin jáne de rawajlandırıwımız tiyis.

Hár bir mámleket xızmetkeri xalıq aldında juwapker ekenligin hesh qashan umıtpawı zárúr.
Sonıń menen birge, mámleket mákemeleri xızmetiniń ashıqlıǵın támiynlew hám bul printsipti ámelde qarar taptırıwdıń ajıralmas shárti esaplanadı.
Adamlarımız mámleket organları, sonday-aq, ózleri saylaǵan wákiller neler menen shuǵıllanıp atırǵanlıǵın biliwleri, olardıń
islerine qalıs baha bere alıwı ushın barlıq imkaniyatlardı jaratıwımız tiyis.
*Úshinshiden*, biz ushın eń úlken baylıq bolǵan xalıqtıń salamatlıǵın saqlawǵa tiyisli konstitutsiyalıq normalar orınlanıwın támiynlew mámleket siyasatınıń eń áhmiyetli baǵdarına aylanıwı kerek.
Bul baǵdarda joqarı meditsinalıq járdem kórsetiw sistemasın jetilistiriw, kesellikler profilaktikası, patronaj hám skrining xızmetlerin zamanagóy dárejege kóteriw, xalıqtı arzan hám sıpatlı dári-dármaqlar menen támiynlew sistemasınıń nátiyjeliligin asırıw birinshi dárejeli wazıypamız bolıp qaladı. Jámiyette salamat turmıs tárizin hám meditsinalıq mádeniyattı ǵalabalastırıw boyınsha da bir qatar islerdi alıp barıwımız zárúr.
*Tórtinshiden*, biziń iskerligimiz eń áhmiyetli konstitutsiyalıq qaǵıydaǵa – sotsiallıq ádalat printsibin támiynlewge qaratılıwı shárt.
Sotsiallıq ádalat – bul siyasiy kóz-qarasları, jınısı, milleti, tili hám diniy isenimine qaramastan, nızam aldında nızam aldında barlıq puxaralardıń teńligin támiynlew bolıp tabıladı. Bul –tálim, meditsina hám basqa tarawlardaǵı imkaniyatlar teńligi esaplanadı. Bul – kepillengen miynet iskerligi erkinligi, lawazımlar boyınsha kóterilip barıwdaǵı imkaniyatlar teńligi esaplanadı. Eń áhmiyetlisi, bul – kekse áwlad wákilleri hám sotsiallıq qorǵawǵa mútáj puxaralarǵa ǵamxorlıq esaplanadı.
Jámiyette sotsiallıq ádalat printsibin ornatıw baǵdarındaǵı tiykarǵı wazıypamız – bul ádalatlı nızamlar qabıl etiwden ibarat. Qısqasha aytqanda, nızam ádalatlı bolsa, ol insan huqıqların ámelde qorǵasa, sonda ǵana adamlar nızamdı húrmet etedi hám oǵan boysınadı.

*Besinshiden,* puxaralardıń pikir, sòz hám isenim erkinligine tiyisli konstitutsiyalıq huqıqların támiynlew – rawajlanġan demokratiyalıq mámleket hám kúshli puxaralıq jámiyetin qurıwdıń áhmiyetli shárti bolıp tabıladı.

Biz búgin, demokratiyalıq òzgerisler dáwirinde mámleketimizdiń siyasiy, jámiyetlik òmirde tikkeley hám belsendi qatnasıw tileginde bolġan puxaralarımızdıń potentsialı tolıq sáwleleniwin támiynlewimiz lazım. Bul baġdarda kòp partiyalılıq sisteması, partiyalar arasındaġı báseki, pikirler hám baġdarlamalar ortasındaġı básekini jedel rawajlandırıw úlken áhmiyetke iye.

Ġalaba xabar quralları xalıqtıń talap hám mútájliklerin hákimiyat mákemelerine jetkeriwdiń áhmiyetli hám tásirsheń quralına, xalıqtıń eń jaqın kòmekshisi hám dártlesine, demokratiya aynasına aylanıwı zárúr. Hákimiyat hám basqarıw organları isine sın hám qalıs baha beriw, túrli tarawlardaġı kemshilikler, áhmiyetli mashqalalardı kòterip shıġıw olardıń isinde tiykarġı òlshem bolıwı tiyis.

*Altınshıdan,* biziń jáne bir áhmiyetli wazıypamız – puxaralar, mámleket hám jámiyet ortasındaġı òz ara juwapkershilik hám huqık baylanıslı ekenligine tiyisli printsipti sistemalı ámelge asırıwdan ibarat.

Bul printsip mámleketimiz aldında turġan áhmiyetli wazıypalardı sheshiwde mámleket hám insan, mámleket hám puxaralıq jámiyeti ortasındaġı nátiyjeli birge islesiwdi támiynleytuġın konstitutsiyalıq tiykar bolıp tabıladı.

Biz bárshemiz – puxaralar da, jámiyet te, mámleket te Watanımız rawajlanıwı ushın, mámleketimizdegi tınıshlıq hám turaqlılıqtı bekkemlew ushın, tariyxıy, mádeniy hám mánawiy miyrasımızdı saqlaw, bayıtıw hám kelesi áwladlarġa taza halında jetkeriw ushın bárshemiz birdey juwapkermiz.

Jurtımızda jasap atırġan túrli millet hám elat wákilleri ortasındaġı doslıq hám tatıwlıq ortalıġı, òz ara húrmet hám awızbirshilikti asıraw hám bekkemlew maqsetinde alıp barıp atırġan islerimizdi jáne de kúsheytiwimiz lazım.

*Jetinshiden*, isbilermenlik ortalıġınıń erkinligi, jeke múlk qol qatılmaslıġın támiynlew bunnan bılay da mámleket siyasatında áhmiyetlii baġdar bolıp qaladı.

Hesh shubhasız aytıwımız múmkin, mine usınday konstitutsiyalıq qaġıydanıń sistemalı ámelge asırılıwı sotsiallıq baġdarlanġan bazar siyasatın jedel

rawajlandırıw boyınsha alıp barılıp atırġan islerimizdiń mazmunın belgilep beredi. Biz ekonomikamızdı jáne de erkinlestiriw, isbilermenlerge keń jol ashıp beriw siyasatın bunnan keyin de qatań dawam ettiremiz. Sheshiwshi áhmiyetke iye bolġan tarawdı hár tárepleme qollap-quwatlaw, onıń aldında payda bolatuġın tosıqlardı pútkilley alıp taslaw máselesi mámleket basshısı sıpatında meniń bárqulla itibarım hám baqlawım astında boladı.

Jáne bir márte qaytalap ȯtpekshimen, isbilermenniń jolına tosıq bolıwdı mámleket siyasatına qıyanet, dep qabıl etiw kerek.

*Segizinshiden*, ȯzbekistan Respublikası ȯz aymaġında da, mámleketten tısqarıda da ȯz puxaralarınıń huqıqıy qorġalıwın támiynlew haqqındaġı konstitutsiyalıq qaġıydanıń orınlanıwın sȯzsiz támiynlewimiz shárt.

Ashınarlısı, usı waqıtqa shekem, shet ellerde jumıs islep atırġan puxaralarımızdıń huqıqların qorġaw máselesine jeterli itibar berilmedi desek, bull da ádalattan boladı.

Búgingi kúnde jurtlaslarımız shet elde tek qara miynet penen emes, ilim-pán, bank-finanas, xabar kommunikatsiya texnologiyaları tarawında jumıs islemekte.

Mámleketimiz basshısı 2017-jıl 20-21-yanvar kúnleri Qaraqalpaqstanda bolıp, aymaq ekonomikasın rawajlandırıw, jámiyetlik sharayatlardı jaqsılaw boyınsha sistemalı shara-ilajlardı belgilep bergen edi. ȯtken waqıt dawamında olar tolıq ámelge asırıldı.

Sapar juwmaqları boyınsha islep shıġılġan baġdarlamaġa muwapıq, sanaattı rawajlandırıw boyınsha ulıwma bahası 160 milliard swmġa jaqın 242 joybar orınlandı. Bul 4 mıńġa jaqın jumıs ornın jaratıw imkaniyatın berdi.

Máselen, Qaraȯzek rayonındaġı «Qaraqalpaq tsement» kárxanasında birinshi basqıshta jılına 200 mıń tonna tsement, Nȯkis qalasında «Texnik global» kárxanasında «Samsung» brendi astında jılına 150 mıń televizor, «Nukus polimer» kárxanasında jılına 8 mıń tonnan polietilen trubalar hám xojalıq buyımların islep shıġarıw jolġa qoyıldı. Tȯrtkúl rayonındaġı «Vegateks global» kárxanasında jılına 5 mıń tonna jip-sabaq islep shıġılmaqta.

Qaraqalpaq xalıq ushın júdá áhmiyetli hám aktual másele bolġan ishimlik suwı mashqalası jıllar dawamında sheshilmey kiyatırġan edi. Usını esapqa alıp, qısqa waqıtta 101 kilometrlik «Qońırat - Moynaq» suw (quvuri) kanalizatsiyası hám «Qońırat» suw bòlistiriw qurılısı qurıp pitkerildi. Bunıń nátiyjesinde Moynaq rayonındaġı 25 mıń xalıq taza ishimlik suwı menen támiyinlendi.

Bunnan tısqarı, investitsiya baġdarlamasına muwapıq byudjet qarjıları hám Aralboyı aymaġın rawajlandırıw xorı qarjıları esabınan bar bolġan suw tarmaqları rekonstruktsiya qılındı hám jańalandı. Usı tárizde 35 xalıq punktinde 50 mıńnan zıyat adam ishimlik suw menen támiyinlengen bul boyınsha islerdiń izshil dawamı boldı.

Tek Qaraqalpaqstan ġana emes, al pútkil mámleketimizdiń maqtanıshı bolġan, dúnyada «Sahradaġı Luvr» degen ataqqa iye bolġan İ.Savitskiy atındaġı Qaraqalpaq mámleketlik kòrkem òner muzeyiniń bezelgen ekinshi korpusı qurılıp, joqarı xalıqaralıq standartlar tiykarında úskenelendi hám paydalanıwġa tapsırıldı.

Qaraqalpaq mámleketlik úlketanıw muzeyi binası, òzbekistan Qaharmanı İbrayım Yusupov atındaġı qábiletli balalar mektebi, Amir Temur atındaġı demalıs baġı, zamanagòy imkaniyatlarġa iye úlken sport kompleksi qurıldı. İmam İyshon Muhammad jome meshiti rekonstruktsiyalanıp, paydalanıwġa tapsırıldı.

Bunday òzgerisler barlıq rayonlarda, awıllarda júz berdi. Aymaq ekonomikası rawajlandı, xalıqtıń turmıs dárejesi kòterildi. Eń áhmiyetlisi, adamlar bunı òz turmıslarında sezinip atır.

Endi, jurnalistikanıń jáne bir áhmiyetli funktsiyalarınıń biri- jámiyetlik tárbiya quralı bolıp xızmet etetuġınına qısqasha toqtayıq.

Jurnalistika waqıyalar, protsessler hám jańalıqlar haqqındaġı informatsiyalardı tarqatıw jáne milliy qádiriyatlar, úrp-ádetler menen ulıwma xalıqlıq mádeniyatqa tiyisli materialları menen adamlardıń sanasına tásir etedi. Oqıwshı jurnalisttiń hár bir shıġıwlarınan òzine kerekli sabaq, yamasa maġlıwmat aladı.

Siyasiy yaki jámiyetlik kòz qaraslardıń qáliplesiwi, hár qanday waqıyaġa yamasa ekonomikalıq analizlerge durıs, ádep-ikramlılıq normalarına say baha beriwi, mádeniyat, bilimlendiriwge, adamlardıń jámiyetlik aktivligin arttırıwġa tásir etetuġın hár bir jurnalistlik shıġarma jurnalistikanıń tárbiyalıq qural ekenliginiń dáliyli bolıp esaplanadı.

Sol kòz qarastan xalqımız xizmetindegi bul kásip iyeleriniń jámiyette pikir oyata alatuġın maqalaların oqıp, kerek orında nátiyjeli paydalanıp kelmektemiz. Ol oqıwshıġa informatsiya, dúnya jańalıqlarınan xabardar etip, sonday-aq, ruwxıy azıq bere alıwı menen tiykarġı tárbiya quralı sıpatında da atap òtiwge boladı.

Gazeta bul xalıq informatsiya alıwshı tiykarġı dereklerdiń biri bolıwı menen birge olardıń tiykarġı iseniwshi kúshi de esaplanadı.Bul haqqında D.Bekbauliev bılay dep pikir bildiredi: «*Gazetanı adamlar payda bolġan waqıttan tap usı búgingi kúnge shekem túrli maqsetlerde paydalanıp kelmekte.Máselen, gazeta belgili bir shòlkemniń mápin gòzlewshi siyasıy qural sıpatında, mádeniyattıń, sporttıń úgit-násiyatlawshısı sıpatında, kòpshilik mámleketlerde biznesti, isbilermenlikti ekonomikanı rawajlandırıwdı jolġa qoyıwġa járdemlesiwshi, háreketke keltiriwshi járdemshi mexanizm hám taġı basqa jaqsı niyetler jolında paydalanıp kelindi*»[8]. Sonday-aq basılımlar arqalı da elimizdiń hár qanday tarawında alıp barılıp atırġan siyasattıń úgit-násiyatlawshısı bolıp, jámiyetimizge jańalıqlardı anıq faktler menen jetkeredi hám ruwxıy dúnyasın bayıtadı. Auditoriyanıń tiykarġı talaplarınıń biri taza informatsiyalar alıw hám arnawlı túrde dem alıs betlerinde beriletuġın mazmunlı maqalalar menen tanısıw. Onda jurnalisttiń jazġanı emes, al sırtqı avtorlardıń da xatların ornına jaylastırıwday sheberlikti durıs paydalana alıwı dárkar. Sonday-aq, búgingi kúnniń jurnalisti operativ háreket etiwi lazım, hátteki auditoriyanıń talapların tereńnen úyrengen halda olardıń talġamına say tárizde, tartımlı bolġan materiallardı toplap keń jámiyetshilikke usınılsa, ol álbette nátiyjesiz qalmaydı.

«*Házirgi kúnde ġárezsiz mámleketimizde xızmet etip atırġan basılımlar hám dòretiwshilerdiń erkin, keń tarmaqlı, áshkara is júrgiziw ushın barlıq shárt-*

8 Bekbauliev D. Gazeta qalay shig'adi? N. «Билим» 2011.3-бет

*shárayatlar jaratılǵan. Sońǵı jıllarda mámleketimizde **jurnalistikaǵa** tán bir qatar nızamlar qabıl etildi. Sonday-aq, basıp shıǵarıw jumısların modernizatsiyalaw hám demokratiyalastırıw protsessinde jeke basılımlar hámde baspaxanalar shólkemlestiriwge imkaniyatlar berildi, baspasóz materialların tsenzuradan ótkeriw usılı alıp taslandı.*

ózbekstan Agentligi, onıń xabarshılarınıń málimlemelerinde ózgerissiz sáykeslik bolǵanı menen, hár bir gazeta mámleketlik siyasatqa baylanıslı nızamlardı dodalawda, orınlarda reformalardı ámelge asırıw islerin analizlewde ózlerine tán usıllarda, hár qıylı janrlarda sáwlelendiredi.

ózbekstan Respublikası húkimetiniń parlamentiniń Biylikleri shıqqannan soń, Biylikti orınlaw ushın ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti qarar shıǵaradı, bul qararlardı ámelge asırıw ushın Qaraqalpaqstan Respublikası Minisrler Keńesi oblastlar basshılıǵı direktiv hújjetlerge tiykarlanǵan jumıslardı alıp baradı. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi jumıslarına baylanıslı mámlimlemelerdi Qaraqalpaqstan Málimleme Agentliginen alınadı.

Bul jumıslar xalıq turmısınıń barlıq salasın qamtıydı. Bul nızam hám hújjetler elimizdiń baslımlarında, álbette, orınlardaǵı jumıslar mısalında talıqlanadı.

Máselen, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında respublika turmısına baylanıslı materiallar beriledi. Mısalı, «Den sawlıq» rubrikasında shıpaker A.Nurniyazovtıń «Nızam hámmeni qorǵaydı» maqalası usı baǵdarda.

«Erkin Qaraqalpaqstan» nıń birinshi betinde, «Oliy Májlistiń nızamshılıq palatasında» degen gazeta betiniń úshten birin alıp turǵan kólemli bildiriw maqalası da usı mazmunda.

Bunda aytılǵan: «23-aprel kúni ózbekstan Respublikası Oliy Májlisi Nızamshılıq palatasınıń gezektegi májilisi bolıp ótti. Májlisti Oliy Májlis Nızamshılıq palatasınıń spekleri Dilorom Toshmuhammedova alıp bardı». «Daǵdarısqa qarıs 2009-2012 jıllarǵa mólsherlengen baǵdarlama Prezidentimiz İslam Karimov tárepinen alǵa qoyılǵan wazıypalardı tabıslı sheshiwdiń oǵada áhmiyetli shártlerinen biri ekenin ayırıqsha atap ótti. Bul iste nızamshılıq,

demokratiya, insan huqıqların hám erkinliklerin qorġaw printsiplerine qataṅ ámel etiw kerekligi kȯrsetildi».

«Nızamshılıq palatası ȯzbekstan Respublikası esap-sanaq palatasınıṅ 2008-jılġı esabatın tastıyıqlap, tiyisli qarar qabıl etti.

Agrar, suw xojalıġı máseleleri ekologiya komiteti aġzası K.Turġanbaev «ȯzbekstan Respublikası Hákimshilik juwapkerlik haqqındaġı kodeksiniṅ 104-statyasına ȯzgerisler kiritiw haqqında» ġı nızam joybarın usındı. Usı hujjet 2008-jıl dekabrde ȯzbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen zayalanıwına qarsı gúresiwdi kúsheytiw ilajları haqqında» ġı qararına muwapıq islep shıġılġan.

Hújjetti dodalaw waqtında deputatlar orınlarda egisliklerdi zayalaw hám basqılaw jaġdaylarınıṅ kȯpligine, bul nárse dán, basqa da awıl xojalıġı ȯnimlerin kȯplep nabıt etiwge alıp kelip atırġanlıġına dıqqat qarattı. ȯzbekstan Respublikası Bas prokuraturasınıṅ maġlıwmatlarına qaraġanda, ȯtken jıldıṅ tek toġız ayı ishinde eginlerdi zayalawdan kȯrilgen zıyan 64 million sumdı quradı. Usı múnásibet penen nızam joybarında joqarıdaġı sıyaqlı huqıq buzarlıq ushın juwapkershilikti kúsheytiw maqsetinde Kodekske tiyisli ȯzgertiwler kirgiziw usınıladı.

Nızamshılıq palatası dodalaw waqtında siyasiy froktsiyalardıṅ wákilleri aytqan pikir- usınıslardı esapqa alġan halda Nızam qabıl etti.

Nızam maqullaw ushın Oliy Májlis Senatına jiberildi:

Juwmaqlap aytqanda, bul mısallar sonı kȯrsetedi, «parlament teması» degenimizde, joqarıdaġı húkimetlik hujjetler dep ġana túsinbewimiz kerek. Bul xalıq turımısı, turmıs tárizi haqqındaġı joqarı dárejedegi oylasıqtaġı dodalaw, analizi dep túsiniwimiz tiyis. Sebebi, deputatlar, parlament aġzaları, senator, Prezident te xalıqtıṅ iygiligi ushın xızmet etetuġın, xalıqtıṅ ȯz arasınan shıqqan, xalıqtıṅ ȯzi taṅlap qoyġan qálipliler. Olardıṅ jumısınıṅ maqseti de, barısı da – xalıqtıṅ dárti:

Biz úyreniw obekti sıpatında taṅlaġan «Xalq sȯzi», «Norodnoe slovo», «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetalarında tikkeley tek parlamenttegi búgin yaki keshe

bolıp ȯtken  májlis yaki basqa ánjuman, hukimetlik qabıllawlardan basqa, turmıstıṅ barlıq tarawları haqqındaġı materiallar da beriledi.

Parlamenttegi barlıq sȯz- xalıq turmısna baylanıslı. Demek, olardıṅ barlıġın da parlament temasına tiyisli dewge boladı.

Spikeri D.Toshmuxammedova basqardı.

Kún tártibi tastıyıqlanġannan keyin, deputatlar hám senatorlar ȯzbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniṅ jaṅadan saylanġan Oliy Májlis aldınada ȯz wákalatların olardıṅ juwapkershiliginen alıp taslaw haqqındaġı múrájatların kȯrip shıġıp, onı qanaatlandırdı, húkimetke onıṅ jaṅa quramı qálipleskenge shekem ȯz wazıypasın dawam ettirip turıw tarsırıldı.

Qospa Májiliste ȯzbekstan Respublikası Prezidenti İslam Karimov «Mámleketimizde modernizatsiyalaw hám kúshli puqaralıq jámiyetti qurıw- baslı maqsetimizdur» temasında bayanat jasadı.

Bul ȯtken jıldıṅ dekabr ayında bolıp ȯtken saylaw kompaniyasınıṅ juwmaqlanġannan soṅ hám Oliy Májlistiṅ – parlamenttiṅ jaṅa quramı hám jaṅadan jaṅa saylanġannan soṅġı, usı jıldıṅ 27-yanvar ayında bolıp ȯtken birinshi qospa májlisi haqkında informatsiya edi.

«Xalq sȯzi» gazetasınıṅ birinshi betinde ȯzbekstan Agentliginiṅ (UzA) «Oliy Májlistiṅ nızamshılıq palatasında» degen.

## II Bap. Baspasoz hám jámiyettiṅ siyasiy mádeniyatı

### 2.1. «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasındaġı rásmiy materiallardıṅ ornı

Mámleketimizde qabıl etilgen hár qanday hujjet insan mápin qorġawġa qaratılġan. El tınıshlıġı, mámleket siyasiy hám ekonomikalıq turmısındaġı jaṅalanıwlar – bulardıṅ barlıġı gazeta orın alġan rásmiy materiallarda oz sáwleleniwin tapqan.

Prezident pármanları ġalaba xabar qurallarında járiyalanġannan soṅ oz kúshini kiredi. O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasında qabıl etilgen usınday korsetpe tiykarında Prezident pármanları dáslep baspasozde jarıq koredi. Prezident pármanların úgit-násiyatlawdıṅ birneshe usılları bar. Birinshisi, Prezmdent pármanınıṅ jarıq koriwi bolsa, ekinshisi usı pármaġa túsinik basıp shıġarılıw. Mısalı ushın 2017-jıl 14-dekabr O'zbekistan Respublikası Prezidentiniṅ «Toqımashılıq hám tigiw-trikotaj sanaatın jedel rawajlandırıw is-ilajları haqqında» Pármanı shıqqan edi. Gazetanıṅ sol sanında «O'zbekistan Respublikası Prezidentiniṅ «Toqımashılıq hám tigiw-trikotaj sanaatın jedel rawajlandırıw is-ilajları haqqında»ġı Pármanına túsinik» basıp shıġarıldı.[7]

Prezident páomanı 17 punktten ibart bolıp, 16-punktte bılay dklingen: «O'zbekistan Respublikası Prezidentiniṅ 2002-jıl 1-iyuldegi «Respublika jeṅil sanaatın basqarıwdı jetilistiri haqqında»ġı PF-3102-sanlı Pármanı oz kúshin joytqan dep esaplansın.»[8]

Demek, hár qanday párman yaki qarar qabıl etilgende aldıṅġı qarar oz kúshin joġaltadı. Al Pármaġa qosımsha berilgen túsinik te bolsa, onıṅ áhmiyeti hám mámlekemizde onı ámelge asırıw mkxanizmleri haqqında soz baradı. Pikirmizdim jrqarıdaġı toqımashılıq hám tigiw trikotaj sanaatın jkdkl rawajlandırıw is-ilajları haqqındaġı párman menen dawam etsek:

«Búgingi kúnde respublikada 7 mıṅġa jaqın kárxana xızmet alıp barıp atırġan joqarı islep shıġarıw potentsiyalına iye bolġan toqımashılıq tarmaġı qáliplestirdi. 1,4 million tonna

[7] Еркин Қарақалпақстан. 2017-жыл 14-декабрь.
[8] Сонда.

muǵdardaǵı paxta talasın islep shıǵarıw quwatları jaratıldı, sonnan 60 payızǵa jaqınınan awıllıq toqımashılıq kárxanalarınıń mútájliklerin qandırıw ushın paydalanbaqta.

Eń áwele, tayar ónimler islep shıǵarıwdı jolǵa qoyıw, tarmaqtı basqarıwdı shólkemlestiriw, resurs hám islep shıǵarıw quwatlarınıń bólistiriliwi, kadrlar qánigeliginiń joqarı emesligi menen baylanıslı sistemalı mashqalalardıń bar ekenligi paxta shiyki zatın jetistiriwdiń tómen rentabelligi hám onı qayta islewge, tayar ónim islep shıǵarıw hám eksport etiwdiń jeterli dárejede emesligine alıp kelmekte».[9]

Demek, baspasózde orın alǵan túsinik birinshi náwbette xalıqtıń siyasiy sawavtlılıǵın jetilistiriw ushın áhmiyetke iye. Onda pármanda bildirilgen xár bir punk boyınsha anıq dáliller berilgen. Usınday formada berilgen túsinikler tiykarǵı máseleni tereńirek túsindiriwdiń bir usılı. A'lbette, biz bir párman mısalında baspasózde rásmiy materialdıń beriliwine mısal bolıp esaplanadı.

Baspasóz tek mámleketlik áxmiyettegi hujjetlerdi basıp shıǵarıw menen sheklenbeydi. Gazeta- xalıq minberi. Sonlıqtan da, xalıqlıq talqılawdıń zárrligi boladı. Sonlıqtan da baspasózimizde qáliplesken dástúrlerdiń biri – jámiyetshilik pikirin jámlew. Jámiyetshilik pikiri mámleketimizdiń keleshekte ósip rawajlanıwı ushın áhmiyetli túrti boladı. Usı orında qabıl etilgen hár qanday hújjet dáslep deputarlar tárepinen oqıp úyrenilip, talqılanadı hám keń jámiyet shilikke usınıladı. Hár qanday rásmiy hujjet O'zbekstan Respublikası Nızamshılıq palatası hám O'zbekstan Respublikası Oliy Májlis Senatınıń birgeliktegi wákilliginde qarap shıǵıladı.

Solay etip, O'zbekstan Respublikası Nızamshılıq palatası hám O'zbekstan Respublikası Oliy Májlis Senatınıń birgeliktegi wákilligine mınalar kiredi:

1) O'zbekstan Respublikası Konstitutsiyasın qabıllaw oǵan ózgerisler hám tolıqtırıwlar kiritiw;
2) Konstitutsion nızamlar, O'zbekstan Respublikası nızamların qabıllaw, olarǵa ózgerisler hám tolıqtırıwlar kiritiw;
3) O'zbekstan Respublikası referendum ótkeriw hám onıń ótiw sánesin belgilew;

[9] Сонда.

4) O’zbekstan Respublikasınıń ishki hám sırtqı siyasatınıń tiykarğı bağdarların anıqlaw hám strategiyalıq mámleketlik bağdarlamalar qabıl etiw;

5) O’zbekstan Respublikasınıń nızam shıǵarıwshı, orınlawshı, sudlıq hákimiyatları shȯlkemleriniń sistemaların hám wákalatın anıqlaw;

6) O’zbekstan Respublikası quramına jańa mámleketlik dizilmelerdi qabıllaw ham olardıń O’zbekstan Respublikası quramınan shıǵıw haqqındağı sheshimin tastıyıqlaw;

7) Bajıxanalıq, valyutalıq hám kreditlik jumıslardı tártiplestiriw;

8) O’zbekstan Respublikasınıń Mámleketlik byudjetin O’zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti usınısı qabıllaw hám onıń orınlanıwın qadaǵalaw;

9) Salıqlar hám taǵı basqa shártli tȯlemlerdi belgilew;

10) Adminstpativ – territorial qurılmalar máselelerin nızamlı tártiplestiriw O’zbekstan Respublikası shegarasın ȯzgertiw;

11) Rayonlardı, sháhárlerdi, oblastlardı shȯlkemlestiriw, qısqartıw, olardıń atamaların hám shegaraların ȯzgertiw;

12) Mámleketlik sıylıqlar hám ataqlardı támiyinlew;

13) O’zbekstan Respublikası Prezidentiniń wázirlikler, mámleketlik komitetler hám taǵı basqa mámleketlik basqarıw shȯlkemleri haqqındağı Biyliklerin tastıyıqlaw.

14) O’zbekstan Respublikasınıń Oraylıq saylaw komissiyasın dúziw;

15) O’zbekstan Respublikası Prezidentiniń usınıs menen O’zbekstan Respublikası Premerministiri kandidaturası máselesin qarap shıǵıw ham tastıyıqlaw;

16) O’zbekstan Respublikası Oliy Májlisiniń insan hukıqları boyınsha wákalatlı senat hám onıń orınbasarın saylaw;

17) O’zbekstan Respublikası Esap palatası esabın kȯrip shıǵıw;

18) O’zbekstan Respublikasına topılıs boǵan jaǵdayda mámlekette urıs sharayatın daǵazalaw, yamasa zárúrlik tiykarında agressiyadan

qorǵanıw haqqındaǵı ȯz-ara kelisim haqkındaǵı O’zbekstan Respublikası Prezidentiniń Biyligi tastıyıqlaw;

19) Ulıwma yaki ayırım mobilizatsiyalaw, ayrıqsha jaǵday háreketin endiriw, sozıw yaki toqtanıw haqqındaǵı O’zbekstan Prezidenti Biyliklerin tastıyıqlaw.

20) Xalıq aralıq kelisimlerdi ratifikatsiyalaw hám denonsatsiyalaw;

21) Konstitutsiyada qaralǵan basqa da wákilatlardı ámelge asırıw

22) Parlament turmısınıń tiykarǵı maqseti, xızmeti usı baǵdarda bolıp, «Wzbekiston ovozi», «Xalq swzi», «Narodnoe slovo» gazetalarında bulardıń hámmesi de hár qıylı tematikada, hár qıylı baǵdarlarda, hár qıylı janrlarda gazeta betlerinde ȯz sáwlesin tabadı.

Gazetanıń birinshi betinde usınday rásmiy xabarlar, ekinshi betinde jáne mámleketlik húјјetler orın alıwı múmkin. U’shinshi, tȯrtinshi betlerde sotsial turmıs, mádeniyat hám taǵı basqa tarawlar haqqında qanday materiallar berilsede, olardıń hámmesi mámleketimizdiń alıp barıp atırǵan ádil siyasatınıń sáwlesi bolıp tabıladı.

A’lbette, xalıq mápi ushın qanday nızam shıǵarılsa da, eń dáslep gazetada beriledi.

O’zbekstan Respublikası Predizenti tárepinen 2016-jıl 28-dekabrde qabıl etken pármanı «O’zbekstan veteranların qollap quwatlaw «Nuraniy» qorınıń jumısın bunnan bılayda jetilistiriw ilajları haqqında»[10] dep ataldı. A’lbette, bul párman gazeta oqıwshıları tárpinen qızǵın qollap quwatlandı. Sh.Usnatdinovtıń «Kekseleri qádir tapqan el» maqalası elimizde kese áwladqa bolǵan dıqqat itibar, ǵamxorlıqlar haqqında sȯz etilgen.[11]

Pikirimizdi Prezident tárepinen tastıyıqlanǵan «2017-2021-jıllarda O’zbekstan Respublikasın bunan bılayda rawajlandırıwdıń tiykarǵı bas baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası» menen dawam etsek. Mámleketlik áxmiyettegi Háreketler

[10] «Өзбекстан ветеранларын қоллап қуўатлаў «Нураний» қорының жумысын буннан былайда жетилистириў илажлары ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Пәрманы. //Еркин Қарақалпақстан. 2016-жыл 29-декабрь.№124.
[11] Ш.Уснатдинов. Кекселери қадир тапқан ел. //Еркин Қарақалпақстан. 12-январь,2017-жыл.№5.

strategiya baspasȯzde jarıq kȯrgennen keyin «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında orın alġan jámiyetshilik pikirlerin úyrensek.

B.Prenovtıń «Ullı isler bilim hám tárbiyadan baslanadı» dep atlġan maqalasında hújjiń áxmiyeti haqqında bılay dedingen: «Turmıstıń barlıq tarawların erkinlestiriw – bull demek xalqımızdıń turmıs dárejesin kȯteriw, erkin rawajlanıwdı jolġa qoyıw arkalı elimizdiń tınıshlıġın, birligin saqlawdan ibarat. Bul strategiya barlıq orınlanıwı tiyis bolġan wvzıypalardı ȯzinde qamtıġan keń kȯlemdegi siyamsiy hujjet bolıp bas jıl dawamında hár bir basshınıń, sonday-aq hár bir islewshiniń qolında bolıp, olardıń orınlanıwında kȯrsetpelerinen qollanba reinde paydalanıwı tiyis»[12]

Bunday maqala arqalı gazeta oqıwshılarınıń siyasiy sawatlılıġı artıwına hám mámleketlik siyasat boyınsha pikirleriniń qáliplesiwine erisiw múmkin. Bunday ulıwmaxalıqlıq talqılaw «Deputar minberi» rubrikasınıń baslı teması bolıp esaplanadı. Murat Qurbanovtıń «Sapalı meditsinalıq xızmet – tiykarġı maqsetimiz»[13], Alima Matkarimovanıń «Salamatlıq jolındaġı ámeliy isler»[14], Q.Orazımbetovtıń «Joqarı bilimlendiriw sistemasın tereńlestiriw jolında»[15] maqalları da jámiyetlik áxmiyettegi pikirlekr bolıw menen birge xalıqtıń siyasiy sawatlılıgan arsıwda xızmet atqaradı. B.Udaydullaevtıń «Xojadıq sudları sistemasında reginallıq appeliyatsiya sudlarınıń shȯlkemlestiriliwi»[16]maqalası artalı bolsa sud-huqıq sistemamındaġı jańa ȯzgerisler tuwralı sȯz etilgen.

A’lbette, bunday maqalalar siyasiy tuske iye. Olarda orınlanġan islerdiń esabı kȯbirek aytırıp atırġanday kȯriniwi múmkin. Mine usı pikirlerge barmaslıq ushın gazetanıń arnawlı xabarshıları orınlarda bolıp jedel rawajdanıwlardı reportaj, sáwbet, maqala janrlarında jarıtıp kelmekte. Bul baġdarda O’.O’tewliev, A’.Orazov, Q.Reymov, Z.Jaqsıbaevanıń materilaları jámiyetimizdiń turli salalarında miynet etip atırġan miynet aldıńġıları tuwralı bolıp esaplanadı.

---

[12] Пренов Б.Уллы ислер билим ҳәм тәрбиядан басланады./ Еркин Қарапқалпақстан. 15-июнь,2017-жыл.№76.
[13] Қурбанов М. Сапалы медициналық хызмет- тийкарғы мақсетимиз.//Еркин Қарақалпақстан.18-апрель,2017-ж.№48-49.
[14] Маткариомова А. Саламатлық жолындағы әмелий ислер.//Еркин Қарақалпақстан. 30-май,2017-ж,№64.
[15] Қ.Оразымбетов. Жоқары билимлендириў системасын тереңлестириў жолында.// Еркин Қарақалпақстан. 2017-ж,25-май,№66.
[16] Еркин Қарақалпақстан.16-апрель,2017-ж №60.

Háreketler strategiyasında orın alǵan jáne bir másele Xalıq qabılxanalarınıń ashılıwı boldı. N.Mambetırzaevanıń «Murajatlar tıńlanıp mashqalalar saplastırılmaqta» atlı maqalası dıqqatqa ılayıq.

«Nòkis rayonı boyınsha 3746 shańaraqta 5803 mashqala anıqlandı. Respublikalıq kòlemle sheshiliwi lazım bolǵan 107 mashqala tiyisli orınlarǵa jiberildi. Eń kòp ishimlik suwı menen támiynlew boyınsha 1688, transport xızmeti boyınsha 1639 múrájat kelip tústi. Bank hám kredit alıwdaǵı mashqalalar boyınsha 56 puqarınıń murajáti tıńlanıp 56 sına jeńilletilgen kredit alıp berildi»[17]

Mámleket xızmetlerin kòrsetiwdiń sistemasın izbe-iz jetilistiriw xalıqtıń turmıs dárejesi, investitsiyalıq ıqlımı, izsheńlik ortalıǵın jaqsılaw hám biznesti rawajlandırıwdıń eń áhmiyetli shártleriniń birinen esaplanadı. O'zbekistan Respublikası Prezidentiniń «Xalıqqa mámleket xızmetlerin kòrsetiwdiń milliy sistemasın túp-tiykarınan reformalaw is-ilajları haqqında»ǵı Pármanı[18]mámleketimizde alıp barılıp atırǵan Háreketler strategiyasınıń áhmiyetli shárti esaplanadı.

Sońǵı jıllarda elimizde mámleketlik organlardıń bul tarawdaǵı jumısınıń sıpatın asırıw, isbilermenlik subektlerine «bir ayna» printsibi boyınsha mámleket xızmetlerin kòrsetiwshi birden-bir oraylardıń rayonlar (qalalar) hákimlikleri dúzilmesinen O'zbekistan Respublikası A'dillik Ministrliginiń quramına òtkeriliwi bul tarawdı rawajlandırıw boyınsha áhmiyetli adım bolıp, vertikal basqarıwdı qáliplestiriw, olardıń nátiyjeli jumısın shòlkemlestiriw imkanın berdi. Nátiyjede bul oraylar tárepinen kòrsetiletuǵın mámleket xızmetleriniń sanı 33 ke arttı.

2017-jıldıń 1-aprelinen baslap dizimge alıw tártip-usılların 30 minutqa shekem qısqarttırıw imkanın beriwshi isbilermenlik subektlerin mámleket diziminen òtkeriwdiń avtomat sistemasınıń iske túsirilgenligi «Doing Business 2018» global reytingindegi «Biznesti dizimnen òtkeriw» kòrsetkishi boyınsha O'zbekistannıń abıroyın 24-orınnan 11-orınǵa jaqsılawǵa xızmet etti.

---

[17] Еркин Қарақалпақстан. 14-июнь,2017-ж,№74.

[18]«Халыққа мәмлекет хызметлерин көрсетиўдиң миллий системасын түп-тийкарынан реформалаў ис-илажлары ҳаққында»ғы Өзбекстан Ресаубликасы Президенти Пәрманы, 2017-жыл 12-декабрь// Ерк.Қарақалпақстан.15-декабрь.2017-жыл.№.122.

Sonıń menen birge, xalıq penen ashıq pikirlesiw nátiyjeleri hám de huqıqtı qollaw ámeliyatınıń talqısı mámleket xızmetlerin kórsetiw milliy sistemasınıń xalıq hám isbilermenlik subektleriniń mútájliklerin tolıq qanaatlandıratuǵın sıpat jaǵınan jańa dárejege ótiwde ayırım sistemalı mashqalalardıń bar ekenligin kórsetpekte.

Eń dáslep, «bir ayna» printsibi boyınsha mámleket xızmetlerin kórsetiw sistemasınan tek isbilermenlik subektleri ǵana paydalanıwı múmkin. Bunda puxaralar búgingi kúnge shekem túrli mámleket organları hám shólkemlerinde hújjetlerdi rásmiylestiriw boyınsha quramalı tártip-usıllardan ózleri ótiwge májbúr bolmaqta.

Bir qatar mámleketlik organlarda xabar sistemaları, resurslar hám maǵlıwmatlar bazalarınıń joqlıǵı, sonday-aq, olar mákemeler aralıq integratsiyalanıwınıń pás dárejede ekenligi sharayattı quramalastırıp, barlıq mámleket xızmetleri kompleksinen qolaylı hám óz waqtında paydalanıwdı támiynlew imkaniyatın bermey atır.

Bunnan tısqarı, kópshilik mámleket xızmetlerin kórsetiwdiń tártip-usılları puxaralar ushın quramalı hám paydalanıw ushın qıyın bolıp qalmaqta, olardıń bahasın qáliplestiriw mexanizmleri bolsa nátiyjeli emes. Nátiyjede ayrıqsha jaǵdaylarda tar mákemelik máplerdiń júzege keliwine alıp kelgen.

Ayırım jaǵdaylarda puxaralar mámleket organlarına múrájat etiwde tiykarlanbaǵan finanslıq qárejetlerge dus kelmekte, eń áwele, xabar-kommunikatsiya texnologiyalarınıń engiziliwiniń pás dárejedeligi, qaǵaz hújjetler aylanbasınıń saqlanıp qalǵan qálipleri náwbetlerdiń júzege keliwine alıp kelmekte.

Mámleket xızmetlerin kórsetiwdi, solardıń ishinde real waqıt rejiminde aralıqtan monitoring ótkeriw hám jámáátshilik pikirin úyreniw arqalı baqlaw hám sıpatın bahalawdıń tásirsheń sistemasınıń joq ekenligi bul xızmetler tarawında nızamlılıqtı támiynlewdiń nátiyjeliligine unamsız tásir kórsetpekte.

Kórsetilip ótilgen mashqalalar xalıqtıń mámleket xızmetlerinen keń paydalanıwın támiynlew, olardı kórsetiw menen baylanıslı waqıt hám finanslıq

qárejetlerdi kemeytiw, xalıqtıń mámleket organları jumısınan qanaatlanǵanlıq dárejesin asırıw imkaniyatın bermeydi.

Mine usı múnásibet penen Mámleket basshısı tárepinen qabıl etilgen «Xalıqqa mámleket xızmetlerin kòrsetiwdiń milliy sistemasın túp-tiykarınan reformalaw is-ilajları haqqında»ǵı Párman mámleket xızmetleriniń sıpatı, tezligi, nátiyjeliligi hám paydalanıw imkanın túpten asırıw boyınsha kompleksli shòlkemlesken-huqıqıy is-ilajlardı, «Xalıq mámleket mákemelerine emes, mámleket mákemeleri xalıqqa xızmet etiwi kerek» degen ullı ideyanı sòzsiz ámelge asırıwshı tiykarǵı ideyalardı belgilep beredi.

Atap aytqanda, bul tarawdaǵı mámleket siyasatın ámelge asırıwǵa juwapkershilik júklengen ayrıqsha mámleket organı – **Mámleket xızmetleri agentligi** aymaqlıq bòlimleri menen shòlkemlestirildi. Bul ámelge asırılıp atırǵan reformalardıń uyǵınlıǵın hám izshilligin támiynleydi, mámleket xızmetlerin sıpatlı orınlaw ushın wákillikli organlar hám shòlkemlerdiń juwapkerligin asıradı. Sonıń menen birge, xalıqqa xalıqqa mámleket xızmetlerin kòrsetiw tarawında basqarıwdı ámelge asırıwdıń anıq shòlkemlesken-institutsionallıq tiykarların qáliplestiriw támiynlenbekte.

Endilikte «bir ayna» printsipi tek isbilermenlik subektlerine ǵana emes, al tikkeley puxaralarǵa da xızmet kòrsetedi. Mámleket xızmetkerleri menen tikkeley baylanıspay turıp birge islesiwdi támiynlew xalıq ushın mámleketlik xızmetlerin korruptsiya qáwipisiz tezlik penen kòrsetiw imkaniyatın beredi, puxaralardıń kúndelikli turmısın sezilierli dárejede jeńillestiredi, byurokratiya halatların saplastıradı.

Mámleket xızmetlerin kòrsetiwde jaqında shòlkemlestirilgen – O'zbekistan Respublikası Prezidenti Xalıq qabıllawxanalarınıń belsene qatnası uqsası joq eń áhmiyetli jańalıqlardan biri esaplanadı. Mámleket hákimiyatınıń xalıq penen nátiyjeli baylanısın shòlkemlestiriw, puxaralardıń múrájatların kòrip shıǵıwdıń sıpatı jaǵınan jańa sistemasın jolǵa qoyıwda áhmiyetli rol oynaǵan bul institutlar jumısınıń unamlı juwmaǵın esapqa alǵan halda mámleket xızmetlerin kòrsetiw tarawı olardıń tikkeley muwapıqlastırılıwında bolıwı názerde tutılmaqta.

O’z gezeginde Xalıq qabıllawxanaları Mámleket xızmetleri orayları rayon (qala) kȯleminde jámlesken halda jumıs alıp barıp, mámleket xızmetlerin kȯrsetiwdiṅ nátiyjeli sistemasın qáliplestiriw imkaniyatın beredi.

İnternet hám mobil texnologiyalardıṅ jedel engiziliwi xızmetinen paydalanıwshılar mámleket organlarına zárúr hallarda barıwları, ádettegidey jaǵdayda bolsa aralıqtan elektron tárizde kȯrsetiliwi menen baylanıslı ideyalardıṅ perspektivada ámelge asırılıwın támiynleydi.

## 2.2. Húkimetlik qararlardıń orınlanıwınıń baspasòzdegi kòrinisi

Mámleketimizde birinshi ret qabıl etilgen «Noshirlik faoliyati tuġrisida» ġı Nızam eń tiykarġı tarawlar- baspasòz hám basılımlar ushın tiykarġı qol oramal bolıp xızmet etedi.Usı nızam tek ġana mámleketimiz quramındaġı baspasòz hám baspa kárxanalarına, bálkim bul tarawda xızmet kòrsetiwge sheshim qabıl etken fizikalıq shaxslarġada tiyisli bolıp, olarġa keń jol ashıp beredi»[9]. A'lbette, elimizdiń hár bir tarawın rawajlandırıwda jáhán standartlarına juwap beretuġın ásbap-úskeneler menen támiynlengen. Sonıń ishinde hár tarawdıń sheshiwshi kúshi bolġan kadrlardıń jetik, bilimli bolıwında bir qatar alġa ilgeriwlerdiń júz bergeni bárshemizge málim.

Prezidentimiz tárepinen alġa súrilgen «Mámleketimizde demokratiyalıq reformalardı jáne de tereńlestiriw hám puxaralıq jámiyetti rawajlandırıw» atamasındaġı kontsepsiyasınıń bir bòlimi ġalaba xabar qurallarına arnalıp *«Málimleme tarawın reformalaw, málimleme alıw hám sòz erkinligin támiynlew» dep ataladı.*

*Onda:* «Jurtımızda, eń dáslep ġalaba xabar qurallarınıń rawajlanıwın támiynleytuġın, demokratiyalıq talap hám standartlarġa tolıq juwap beretuġın bekkem nızamshılıq bazası jaratıldı. Bul dáwirde ġalaba xabar qralların erkin hám jedel rawajlandırıwġa, málimleme tarawınıń nátiyjeli xızmet kòrsetiwin támiylewge qaratılġan 10 ġa jaqın nızam hújjetleri qabıl etildi.

«Málimleme alıw erkinligi printsipleri hám kepillikleri haqkında» ġı Nızamnıń qabıl etiliwi hárkimniń málimlemeni erkin hám tosqınlıqlarsız alıw hám de paydalanıw huqıqların ámelge asırıwda, sonday-aq, málimlemeniń qorġalıwı, shaxs, jámiyet hám mámlekettiń

málimleme tarawındaġı qáwipsizligin támiynlewde ayrıqsha áhmiyetke iye boldı.

Xalqınıń birligi hám abadan turmısı ushın eń aldıńġı siyasiy hám ekonomikalıq texnologiyalar engizip, keleshegi biyik el payda etip atırġan mámleket, elim dep,

---

[9] Назира Абдуазизова Миллий журналистик тарихи II. «Шарқ» Нашриёт-матбаа акциядорлик компанияси бош тахририяти Т-2008.23-24-б.

xalqım dep, ullı islerdi júrgizip atırġan xalıq, onı mámleket penen uyġınlastırıp atırġan puqaralıq jámiyet, onıń hár kún sayın bekkemlenip atırġan hár bir shańaraġı G'árezsizlik bergen materiallıq hám ruwxıy baylıqlardı qorġap, bayıta beredi. Watan sezimin, xalıqtıń tatıwlıġın hám elimizdiń rawajlanıw tendentsiyaların jáne bir márte eske salıp, maqtanısh sezimlerin oyatadı. Watan ishindegi kishkene watan esaplanġan – shańarak bekkemligi, onda kamalġa kelip atırġan perzentlerdiń qáwipsizligin saqlaw hár bir ata-ananıń baxtı máselelrin sòz etiw gazetanıń baslı wazıypalarınan biri.

Elimizde, parlamente qanday nızam shıġarılġan bolsa, olar álbette dáslep «Xalq swzi», «Narodnoe slovo»- gazetalarında hám qaraqalpaq gazeta oqıwshıları ushın «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında járiyalanadı. Gazeta oqıwshıları qabıl etilip atırġan ńızam hám qararlarġa juwabın gavzeta arqalı bildiredi. Mámleketlik siyasat teması – bul, xalqımız turmısı, onıń baxıt hám abadanshılıqqa erisiwdegi maqsetleriniń sáwlesi eken. Sebebi, biziń mámleketimizde dıqqattan shetta qalġan taraw yaki puqara joq.

Elimiz òzine tán, sonıń menen birge jáhándegi rawajlanġan mámleketlerdegi demokratiyalıq tendenttsiyalar hám qádiriyatlar talaplarına sáykes keletuġın demokratiyalıq institutlar qáliplesti.

Puqaralardıń erkinligi, insan huqıqlarınıń kepillengenligine qaratılġan huqıqıy tiykar jaratıldı.

G'árezsiz mámleketimizde hár bir tarawdıń alıp barıp atırġan jumıslarında alġa ilgerilewlerdi kòremiz. Onda biz dáslep mámleketimiz jaratıp berip atırġan imkaniyatlardı aytıwımız orınlı álbette. Sonday-aq, bul jaratılıp atırġan imkaniyatlardan ònimli paydalanġan halda elimizdi dúnya júzine tanıtıwda hár qanday kásip iyeleri menen bir qatarda ġalaba xabar quralları hám olardaġı xızmetkerleriniń nátiyjeli jumısları hámmemizdi alġa talpındıradı. G'alaba xabar quralları xızmetkerleriniń izlenisleri, elimizdiń ásirlerden beri jetip kelgen milliy qádiriyatların, úrp-ádet dástúrleriniń, tariyxıy estelikleriniń mazmunın bayıtıwda, umtılıp baratırġan dástúrderimizdi jámiyetshilikke jetkeriwde islep atırġan

xizmetleriniń sheksizligin atap ȯtiw orınlı. Sebebi auditoriya ġalaba xabar qurallarınan hár dayım tiykarġı maġlıwmatlardı alıp otıradı.

«O'zbekstan veteranların qollap quwatlaw «Nuraniy» qorınıń jumısın bunnan bılayda jetilistiriw ilajları haqqında» O'zbekstan Respublikası Predizenti Parmanı da gazeta oqıwshıları tárpinen qızġın qollap quwatlandı. Sh.Ustandinov O'zbekstan Respublikası «Nuraniy» qorınıń Qaraqalpaqstan respublikası bȯlimi baslıġı sıpatında bul pármannıń áhmiyetin jáne de ashıp beriwdi niyet etip, gazetaġa ȯziniń «Kekseleri qádir tapqan el» maqalası menen qatnasqan. Onda bılay delingen: «Bul párman elimizde úlken pensionerler armiyasın múmkin bolġansha kȯbirek qamtıwġa baġdarlanġan atalarsha ġamxorlıqtıń ayqın kȯrinisi. Bunday dıqqat hám itabar dúnyanıń kȯpshilik mámleketlerinde joq, desek qátelespeymiz.Sonday-aq pánman tiykarınla qabıl etilgen qararda jalġız baslı, mayıp kekselerdiń turmıs jaġdayın, olarġa kȯrsetiletuġın xızmetler sapasın arttırıw boyınsha keń kȯlemli qosımsha ilajlar belgilengen»[19]

Hár qanday tárbiya mámleket qadaġalawında. Haqıyqatında da, elimizdiń tiykarġı iseniwshisi bolġan jaslardı hár tárepleme jetik etip tárbiyalawda, olarġa milliy qádiriyat, ulıwma insanıylıq pazıyletlerdi káliplestirip, sana-sezimin keńeytip barıw kerek. A'sirese, puqaralıq pasportın beriw máselesi de mámleketlik áxmiyetke iye bolmaqta.A.Tájimuratovtıń «Biometrikalıq pasportlar beriw – talap dárejesinde» hám Qaraqalpaqstan xabar agentligi xabarshısı N.Reypnazarovtıń «Puqaralıq pasportı tapsırıldı» maqalalarınıń áhmsiyeti de mámleketlik dárejege iye. Birinshi maqalada Qaraqalpaqstan Republikası İshki isler ministrligi Sırt elge shıġıw-keliw hám puqaralardı rásmiylestiriw bȯliminiń baslıġı,podpolkovik Baxtiyar Usenov penen sáwbet bolıp, onda biometrik pasport beriw talapları boyınsha sȯz etilgen. Ekinshi maqalada basqa respublikadan kelip bizde jasap atırġan segiz puqaraġa O'zbekstan puqaralıġı berilgenligi haqqında reportaj tayarlanġan:

«- Men 1963-jılı Turkmenstannıń Tashawız waliyatı Qrgensh rayonında tuwıldım,-deydi házirgi waqıtta Qaraqalpaqstan Respublikası Xojeli rayonında

---

[19] Ш.Усатдинов. Кекселери қәдир тапқан ел. // Еркин Қарақалпақстан.2017-жыл, 12-январь,№5.

jasawshı puqara Xaytmurad Ovezbaev,- Joqarı oqıw ornın pitkergennen soń úsh jıd múddetke islep beriw shárti menen Qazaqstan Respublikasına ketip jumıs isledim. Al, 1993-jılı Xrjelige shańaraq aǵzalarım menen kòship keldim. 1999-jıldan berli waqıtsha gkwalıq penen jasap keldim. Mine bqgin meniń òmirimde baxıtlı kúnlerdiń biri desem, asıra aytqan bolmayman. Sebebi men O’zbekstan Respublikası puqarası bolıw hám bunı tastıyıqlawshı biometrik pasporttı Húkimketimiz basshısınıń qolınan alıw baxtına miyasar boldım. Bunıń ushın elimiz Prezidentine sheksiz minnetdarshılıq bildiremiz»[20]

Halqımızda atadan balaǵa kiyatırǵavn jaqsı qúrp-ádetlerdiń biri – aramızdan ketkenlerdi eslew bolıp esaplanadı. «Yadnama» rubrikası materialların úyrengenimizde, PRekzident pármanlarınıń orınlanıw jaǵdayı menen tanıstıq. O’zbekstan Respublikasınıń Birinshi Prezidenti İslam Abdiǵanievich Karimovtıń tuwılǵanınıt 80 jıllıǵı aldınan Prezident Sh.Mirziëevtıń pármanı shıqqan edi. Bunıń ámeldegi kòrinisi sıpatında «Yadnama» rubrikasınan orın alǵan G’.Xrjaniyazovtıń «Ullı reformator»[21], G.Xalmuratovtıń «Kálbimizde máńgi jasaydı»[22], Q.Yusupovtıń «Jaslardıń haqıqıy ġamxorshısı edi»[23],U.Amanbaevanıń «Qálbimizde máńgi jasaydı,[24] D.Abibullaevtıń «Birinshi Prezidentimizdiń esteligine baǵıshlandı»[25], T.Jarimbetovanıń «Birinshi Prezidentimizdiń esteligine baǵıshlandı»[26] maqalalarınıń tárbiyalıq áhmiyeti sonda, maqala avtorları el basshımızdıń hár bir puqara qálbinde ornalasıp qalǵanlıǵın shın kewilden bildirgen.Bular msaqaladan kòri sálemnamaǵa usaydı.

Biziń elimizde miynet veteranları da, ekinshi jerjuzlik urıs qatnasıwshıları da dıqqattan shette qalmaǵan. Gazetada orın alǵan «Minnetdarshılıq» rubrikası materialalrın úyrengenimizde de shın mánisinde guwası boldıq. «O’zbekstan veteranların qollap quwatlaw «Nuraniy» qorınıń jumısın bunnan bılayda jetilistiriw ilajları haqqında» O’zbekstan Respublikası Prezidenti Parmanı kekse áwlad

[20] Н.Рейпназаров. Пуқаралық паспортлар тапсырылды.// Еркин Қарақалпақстан.2017-жыл, 14-май.№62.
[21] Ғ.Хожаниязов. Уллы реформатор.// Еркин Қарақалпақстан.31-январь 2017-жыл,№14
[22] Г.Халмуратова. Қәлбимизде мәңги жасайды.// Еркин Қарақалпақстан.2-февраль 2017-жыл,№15
[23] Сонда.Қ.Юсупов. Жаслардың ҳақықый ғамхорщысы еди.
[24] У.Аманбаева. Қәлбимизде мәңги жасайды.// Еркин Қарақалпақстан.2-февраль 2017-жыл,№15
[25] Д.Абибуллаев. Биринши Президентимиздиң естелигине бағышланды.// Сонда.
[26] Т.Жаримбетова.Биринши Президентимиздиң естелигине бағышланды.//Сонда. 4-февраль 2017-жыл,№16.

wákilerin shad etti. Bunı gazetanıń «Minnetdarshıdıq» rubrikasına kelgen xatlar mısalında analizleymiz. Pármanda belgilengen ,«Ministr-
ler Kabinetiniń komplekslerinen baslap barlıq ministrlikler, Mámleketlik komitetler, vedomostvolar, aktsionarlik kompaniyalar, asslsatsiyalar hám basqa da xojadıq birlespeleri, shòlkemlestiriwshilik túri qanday bolıwına qaramastan, hár bir kárxana hám mákemelerdiń basshılarına pensiyaġa shıġatuġın òziniń xızmetkerlerine turaqlı ġamxorlıq kòrsetiwdi, olarġa zárúr materiallık hám sotsiallıq járdem beriw, miynet jámáátiniń jámiyetlik jumıslarına belsene qatnastırıw, hár jılı pensionerlerden, ásirese, jalġız baslılardan xabar alıwdı, tuwılġan kúnlerinde hám bayramlarda olarġa estelik sawġalar beriwdi, olardıń turaq jay, turmıslıq mashqalaların sheshiwge kòmeklesiwdi, sanatoriya-kurortta salamatlandırıwdı hám emlewdi shòlkemlestiriwdi, ziyarat orınlarına ekskursiya shòlkemlestiriwdi hám basqa da ilajlardı ámelege asırıwdı támiynlew sol mekeme basshılarına jeke júklensin»[27] dep belgilengen shárti ámelde òz waqtında orınlanġan. Endi usı rubrika astında gazetadan orın alġan.K.Kunnazarovtıń «Nuraniylardıń Xiywa saparı»[28], N.Xalmuratov, P.Shılmanov,O.İsmaylovtıń «Nuraniylar ırza boldı»[29], E.Ermanovtıń «Nuraniylardıń Samarkandqa saparı»[30] maqalalarınıń mazmtsnı bir nársege – kekse áwlad wákileriniń Prezident pámanına shad ekenligi, usı párman tiy karında miynet etken jámáátleri veteranlarġa ġamxorlıq kòrsetip tariyxvy orınlarġa sayaxat shòlkemlestirgenligi haqqında tolıa-tasıp bayanlanġan. Elimsizde òtkerilip taırġanbunday ilajlar sonnı kòrsetedi, endi hár bir puqara múrájeti orvnlanıp xksh kim shette qalmaydı. Buġan mámleket te, onda jasawshı hár bir puqara da juwapker.

Biziń elimizde tálim-tárbiya másele dıqqat oraydaġı áhmiyetli másele esaplanadı. A’serese jaslar tárbiyası másele haqqında sòz etkende, 2016-jılı Jaslar quratayı qatnasıwshılarına jollaġan qutlıqlawında 30-iyul – O’zbekstanda jaslar

---

[27] Өзбекстан ветеранларын қоллап қуўатлаў «Нураний» қорының жумысын буннан былайда жетилистириў илажлары ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Президенти Парманы.// Екрик Қарақалпақстан. 22-декабрь, 2016-жыл.№148.
[28] К.Кунназаровтың «Нуранийлардың Хийўа сапары».// Еркин Қарақалпақстан.2017-жы 22-апрель,№53.
[29] Н.Халмуратов, П.Шылманов,О.Исмайлов.Нуранийлар ырза болды//Еркин Қарақалпақстан.06.06.2017.№72.
[30] Е.Ерманов.Нуранийлардың Самаркандқа сапары.//Еркин Қарақалпақстан. 25-май, 2017.№66.

kúni dep belgileniwi mámleketimizde bayramlar sanın jáne kȯytte aldı, desek asıra aytkan bolmaymız. O'ytkeni, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasınıń materiaların úyrengenimizde jaslar teması derlik hár bir sanında jarılıtġanın kȯrdik. A'sirese, 2017-jıl 12-yanvarda «Kitap ȯnimlerin basıp shıġarıw hám tarqatıw sistemasın rawajlandırıw,kitap oqıwdı hám kitapqumarlıq mádeniyatın arttırıw, jáne úgit násiyatlaw boyınsha komissiya dúziw haqqında»ġı Prezident biyligi kitapqumar jaslardı birlestire aldı. «Kitap-bilim bulaġı» rubrikası gazetada turaqlasıp qaldı.

Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamınıń baslıġı Keńesbay Karimovtıń «Kitap bilim bulaġı yamasa Prezident biyliginen sońġı oylar» maqalası pubditsistimka janrınıń eńjaúsı úlgisi. Onda jazıwshı tariyx hám búgingi birlestirip kitap haqqında pikirlekri menen gazeta oqıwshılarına oy saladı.

«Kitap basıp shıġarıwdı úyoengen adamzattıń arġı babaları jámiyettiń rawajlanıwına dáslepki qádemin taslaġan edi, desek qátelespeymiz. Búgingi zamanġa deyingi uzaq hám mashaqatlı jol bádkim saz ılayġa oyıp túsirilgen dáslepki belgiler, shkmer dáwirlerinen baslanġan shıġar»,degen pkirleri úlken filosofiyalıq mánis mazmunġa iye. Onıń Prezident biyligi boyınsha pikirleri arasında sın pikirleri de jámlengen. «Prezidentimizdiń bul biyligi Qaraqalpaqstanlı jazıwshı,shayırlar menen bapa xızmetkerlerine joqarı keypiyat oyattı. Keyingi jılarda avtorlarımızġa kitap shıġarıw, keyin onı satıw máselesi mashqalaġa aylanıp qalġanı sır emes»[31],dep bizde kitap baspası hám kitap sawdası boyınsha isleniwi kerek bolġan mashqalalardı ashıq aydın bayanlay alġan. Bunday biyliktiń ȯz waqtında shıġıwı jámiyetlik turmısqa da ȯziniń tásirin tiygiziwine guman joq.

«Kitaplar qalıń, juqa hám kishiligine qarap bahalanbaydı. Anıq kitaptıń bahasın summalarla da kȯrsetiw qıyın. Sebebi bilim, ájayıp pikir hám tájiriybeler biybaha sanaladı»-dep jazadı jurnalist Nesibeli Mambetirzaeva. Onıń publitsistikası «Jansız kitaptaġı janlı haqıyqatlıq» dep atalıp gazetanıń 2-aprel №31sanınan orın alġan. Publitsistika shın mánisinde gazeta oqıwshısın tek teması menen emes, mazmunı menen de uslap turıw kúshine iye.

---

[31] К.Каримов. Китап билим бклағы ямаса Президент бийлитгинен соңғы ойлар. //Еркин Қарақалпақстан.2-фквраль, 2017-жыл,№16.

«Aytıń, siz ana bolıp, áke bolıp perzentińizge qanday ertek kitap oqıp bergensiz? U'yińizde kitap tekshesin toltırıp qoyıpsız ba? Balańızġa aqırġı márte qanday kitap sawġa ettińiz? Qaysı kitap boyınsha perzentińiz benen pikirlestińiz? Siz ȯzińizdi kitapqumar dep sanaysız ba?» dep tolıp tasıp sorawlardı gazeta oqıwshılarına taslaydı da, ȯzi hár birine ȯziniń basınan ȯtken, geyde kitaptan oqıġan, bilgenleri hám ilgenleri tuwralı oy eleginen ȯtkizip pikirlerin bayanlaydı.

Gazeta oqıwshısı avtor menen birge ȯtmishke de, sırlı kitaplavr álemine de kirip ketedi. Kȯz aldına onıń ȯsken awılın da, kstazların da birme bir keltire aladı. A'lbette, bul publitsistika. Lekin onıń da okıwshını tárbiyalaytuġın, oylandıratuġın tárpi de bar eken. Gazetada informatsiyalıq materialar qatarında usınday publitsistikalardıń orın alıwı gazeta materialarınıń sapalıġına, tásirsheńligine xızmet etedi.

«Prezidentimizdiń Qaraqalpaqstanġa etken saparı waqtında 216 orınlıq İ.Yusupov atındaġı intalı balalar mektebin shȯlkemlestiriwi haqqındaġı usınısı ádebiyatımızdıń ullı tuoġasına kȯrsetilgen úlken itibar, keleshegimizge bolgan ġamxorlıq sanaladı»-dep avtor búgingi kúnimizge baha beredi, Prezident biyligiń áhmiyetin ashıp beredi.

Nesibeli Mámbetirzaevanıń «Jansız kitaptaġı janlı haqıyqatlıq» publitsistikasınan soń gazeta oqıwshılarınan maqalalar redaktsiyaġa kelip tústi. O'ytkeni, bull maqala K.Karimovtıń maqalasınıń tikkeley dawamı esaplanadı. Gazetada orın alġan Alisher Qudiyarovtıń «Ktapxanaġa itibar –keleshekke itibar»[32], A'.Orazovtıń «Ruwxıy azıġımız tiykarı»[33], A.Artıqbaevtıń «Kitap-bilim bulaġı»[34], J.Tȯremuratovanıń «Tárbiya quralı yamasa oqıwshılardı kitap oqıwġa úyreteyik»[35] hám basqa da maqalarda kitapqumarlıq máselesi kitaptı ádirlew hám ilim alıwġa baġdarlawshı ideya jámlengen. Kitapxana jumısın jedellestiriw boyınsha bildirilgen pikirler atasında A.Qudiyarovtıń «Kitapxanaġa itibar-keleshekke itabar» maqalasında jamlengen. Maqala avtorı Universitette kitapxana

---

[32] А. Кудияров.Ктапханаға итибар –келешекке итибар// Еркин Қарақалпақстан. 2-май.2017.№43.
[33] Ә.Оразов.Руўхый азығымыз тийкары.Сонда.№27
[34] А.Артықбаев.Китап-билим булағы.Сонда. №31
[35] Ж.Төремуратова.Тәрбия қуралы ямаса оқыўшыларды китап оқыўға үйретейик.Сонда. №44.

dúziw isleriniń tariyxı haqqında sòz ektip onda pidayılıq penen xızmet etkenlerdi húrmet penen tilge aladı. Kitap frndın bayıtıw boyınsha orınlanġan jumıslardı aytıp òz tájiriybesi menen ortaqlasadı. A'lbette, bunday maqalalar tek oqıwshıġa oy salıp qoymastan, kitaptı qádirlewge baslaydı, dep oylaymız.

G'alaba xabar quralları auditoriyaġa qalıs xızmetleri menen áhmiyetli. Sonday-aq, olardaġı xızmetkerler izlenisleri, miynetleri arqasında jámiyetshilikke oy salıp, pikirler payda etedi.

G'alaba xabar quralları esaplanġan gazeta, radio, televidenie, internet tarmaġı informatsiya jetkeriw deregi esaplanadı.

Olardıń hár bir informatsiyası anıq hám tuwrılıġına jámiyetshilik ulken isenim menen qaraydı. Tiykarġı nızam Konsitutsiyanıń *XV babı, 67-statyası G'alaba xabar quralların arnalġan. Onda: «G'alaba xabar quralları erkin hám nızamġa muwapıq isleydi. Olar xabardıń tuwrılıġı ushın juwapker. Tsenzuraġa jol qoyılmaydı»*[1] dep belgilengen. Sonlıqtan ġalaba xabar quralları hár qanday júz bergen hádiyse menen tanısıp soń erkin túrde keń jámiyetshilikke hár tárepleme anıq, dál jetkere alıw lazım. Sonday-aq házirgi kúnde ġalaba xabar quralları sonıń ishinde gazetalar da auditoriya talġamına say materiallardı járiyalap kelmekte.
«Házirgi dáwirde dúnya kòleminde júz berip atırġan globallasıw protsessleri XX ásirdiń aqırı hám XXI ásir baslarında pútkil insaniyat, jer júzindegi barlıq xalıqlar hám milletler rawajlanıwı ushın, ásirese, turmısqa endi qádem atıp atırġan jas áwlad ushın misli kòrilmegen imkaniyatlar jaratıp bergenin hesh kim biykarlay almaydı»[2], - dep jazġan edi Birinshi Prezidentimiz İ.A.Karmov.. A'lbette bul dáwirde jas áwladtıń bilim alıwında, til úyreniwge degen qızıġıwshılıġın arttırıwda zamanagòy texnologiyalardıń ornı joqarı.

Prezidentimiz aytqanınday: «*Jas áwladlarımızdıń qálbi hám sanasın taza saqlaw, olardı milliy hám ulıwmaxalıqlıq qádiriyatlar ruwxında tarbiyalaw, perzentlerimizdiń dúnyada júz berip atırġan siyasıy protsesslerdiń mánis-mazmunın, tiykarġı sebeplerin tereńnen túsiniwi, òz átirapında payda bolġan*

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг конституцияси. Тошкент «Ўзбекистон» нашриёт матбаа ижодий уйи 2008. 13-б
[2] И.А.Каримов. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкент «Ўзбекистон» 2009. 5-б

*waqıyalar haqqında haqıyqıy mağlıwmatlarğa, eń tiykarğısı, ózinıń jeke pikirine iye, ápiwayı etip aytqanda, aqtı qaradan ajırata alıwına erisiwde tálim-tárbiya hám mánawiy-márifiy jumıslarımızdıń tiykarğı ólshemi hám bağdarı bolıwı dárkar*»[3]. Hár bir mámlekettiń sheshiwshi kúshi bul álbette jaslar esaplanadı. Sonlıqtan olardı hár tárepleme jetilistirip barıwğa tiykarğı kúshler qaratılğan.

İlim, bimlimlendiriw maselesi biziń eismide mámleketlik áhmiyettegi másele. Sonlıqtanda O'zbekistan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziëev «İlimiy-izertlew mekemeleriniń infrastrukturasın jáne de bekkemlew hám innovatsiyalıq jumısın rawajlandırıw shara-ilajları haqqında»ğı qararı zaman talabına say iariyxvy húddet esaplanadı.[36]

Qarar menen ilim hám innovatsiya tarawında 6 tiykarğı bağdar boyınsha 40 tan zıyat ilajlardı óz ishine alğan 2017-20121-jıllarda respublikada ilimiy-izertlew mekemeleriniń infrastrukturasın bekkemlew hám innovatsiyalıq jumısın rawajlandırıw boyınsha kompleks shara-ilajlar bağdarlaması tastıyıqlandı.

Qábiletli jaslardı ilimiy-izertlew jumısına keń tartıw ushın zarúr sharayatlardı támiynlew maqsetinde, doktoranturada okıw ushın maqsetli kvotalardı ajıratıw ámeliyatın engiziw sharaları názerde tutılğan, hám de ilimiy kadrlardıń akademiyalıq mobilligin asırıw hám olardıń ilimiy jetiskenliklerin qollap-quwatlaw mexanizmlerin kúsheytiw belgilengen. Sonday-aq, ilimiy jumıs hám de bilimlendiriw protsesi integratsiyalasıwın jáne de tereńlestiriw boyınsha maqsetli sharalardı ámelge asırıw, bunda ilimiy-izertlew mekemeleriniń ilimiy xızmetker hám qánigelerin joqarı oqıw orınlarındağı oqıw protsesine keń engiziw, magistrlik dissertatsiyalardıń dáslepki qorğawın ámeliyat ótelgen orınlarda ótkeriw tártibin engiziw kózde tutılğan.

A'meliy sharalardıń jáne bir áhmiyetli bağdarı, respublika ilimiy mekemelerinde alıp abırılp atırğan izertlewler dárejesin kóteriwge, olardı xalıq aralıq talaplarğa kóre ilimiy xalıq aralıq bazalardan paydalanıw imkaniyatların

---

[3] Мирзиёев.Ш.М. Танқидий таҳлил қатий тартиб-интизом ва шахсий жаврбгарчилик – ҳар бир раҳбар фаолиятиниг кундалик қоидаси бўлиши керек. Т., «Ўзбекистон» 2017.38-б

[36] «Илимий-изертлеў мекемелериниң инфраструктурасын жәнe де беккемлеў ҳәм инновациялық жумысын раўажландырыў шара-илажлары ҳаққында»ғы Президент қарары. 5-январь.2017-жыл

keńeytiwge qaratılġan. İlimiy-izertlew mekemelerinde bar hám de jańa dúzilip atırġan ilimiy laboratoriyalar ilimiy iskerliginen ónimli paydalanıw maqsetinde ilimiy-izertlew hám joqarı oqıw ornı mekemeleri tárepinen ilimiy hám laboratoriya úskenelerinen birgelikte paydalanıw mexanizmlerin engiziw shara-ilajları názerde tutılġan.

Litsenziyalı kelisiwler boyınsha ilimiy hám innovatsiyalıq islenbelerdiń kmmertsiyalasıw protsesslerin avtivlestiriw maqsetinde, ilimiy hám innovatsiyalıq jumıstıń normativ-huqıqıy tiykarları hám ilmiy-izertlew mekemeleriniń patent-litsenziyalı iskerligin jetilistiriw, intellektual múlk obektlerine avtorlıq etiwdiń tásirsheń sistemasın jaratıw sharaları belgilengen.

Qararġa muwapıq 2018-jıldıń 1-yanvarınan baslap gumanitar hám basqa sotsiallıq áhmiyetke iye ilimiy-izertlew mekemeleriniń bina hám imaratlardı saqlaw, sonday-aq, olardıń ayırım taypadaġı xızmetkerleri miynetine haqı tólew boyınsha qarejetlerdi karjılandırıw O'zbekistan Respublikası Mámleketlik byudjeti qarjıları esabınan bazalıq qarjılandırıw tiykarında ámelge asırıladı.

Usı qarar rejelestirilgen ilajlar sheńberinde 30dan artıq ilimiy-izertlew mekemelerinde remontlaw-qayta tiklew jumısları, 40 ilimiy-izertlew mekemelerin zamanagóy ilimiy laboratoriyalar, ásbap-úskeneler hám instrumentler menen támiynlew rejelestirilgen. Bunda, laboratoriyalardı sarplanıwshı materiallar hám reaktivler menen úzliksiz támiynlewge sarplanatuġın qárejetler óz aldına názerde tutılġan.

Ulıwma bahada, 2018-2021-jıllarda İlimler Akademiyası, Awıl hám suw xojalıġı ministrligi, Jer resursları, geodeziya, kartografiya hám mámleketlik kadastrı mámleketlik komiteti, Mámleketlik veterinariya komiteti, Toġay xojalıġı mámleketlik komiteti bina hám inshaaatların rekonstruktsiyalaw hám kapital remontlaw ushın 116 milliard sumnan zıyat, zamanagóy ilimiy hám laboratoriya úskeneleri menen úskenelew, zárúr materiallar hám awısıq bólekler menen támiynlew ushın 32,2 million AQSh dollarınan artıq qarjı ajıratılıwı kózde tutılġan.

«Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında orın alġan akademik J.Bazarbaevtıń «İlimge húrmet- rawajlanıw tiykarı»[37] atlı maqalası dáwir talbına say problemalı maqala esaplanadı.

«Házir Qaraqalpaqstanda xalıq xojalıġında sheshimin kútip turġan maseleler jetkilikli. Máselen, boyan tamırınan paydalı ishimlikler, dári-dármaqtı islewdi alayıq. 1968-jılı akademik Amir Baxiev boyan tamırıń áhmiyeti haqqında kandiatlıq disseriatsiya jumısın qorġadı. Onnan berli eliw jıl ȯtse de ol haqqında ilimiy túsinik keńeymedi. Tek onı shiyki zat retinde sırtqa shıġarġanġa quwnıshlımız. Hesh bir ilmpaz boyan tamırın bizlen satıp alġan mámleketler onnan ne isleytuġının tolıq bilmeydi. Onı tereń izertlep sol ellerdiń qanday ȯnim islep shıġarıp atırġanın úyreniw kerek »-dep alım jámiyetshikke pikir taslaylı hám ilimpazlarġa wazıypa júkleydi.

Adamzat ilim menen insan dárejesine jetisken.İlimniń turmısımızda qollanılmaytuġın tarawı joq.Sonlıqtan da ilim-izneotlnw jumıslarınıń sapsın jetilistiriw áhmiyetili wazıypa. Onıń nátiyjederi ȯndirste orınlansa mámleketimizdiń potentsialı da ȯsedi.

Biziń elimizde jas áwlad tárbiyasınıń birinshi hám áhmiyetli buwını bolġan mektepke shekemgi bilimlendiriwdi rawajlandırıwġa ayrıqsha itibar bermekte. 2017-jıl 30-sentyabrde Prezidentimiz tárepinen «Mektepke shekemgi bilimlendiriw sistemasın basqarıwdı túp-tiykarınan jetilistiriw is-ilajları haqqında»ġı párman hám «O’zbekstan Respublikası Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrligi xızmetin shȯlkemlestiriw haqqında»ġı qarar qabıllandı.

Barlıq aymaqlarda ushıraytuġın kemshiliklerdi basqıshpa-basqısh saplastırıw, mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerin jaqsılaw maqsetinde mámleketimiz tárepinen úlken qarjı hám resurslar baġdarlanbaqta. 2018-jıl ushın tastıyıqlanġan İnvestitsiya joybarları dizimine muwapıq, 771 milliard swm byudjet qarjıları esabınan 60 baqsha jańadan qurıladı, 295i rekonstruktsiyalanadı hám 176sı tolıq remontlanadı.

---

[37] Ж.Базарбаев.Илимге ҳүрмет- раўажланыў тийкары.// Еркин Қарақалпақстан.30-май, 2017.№68.

Qararda usı jılda mámleket mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerin salıw, remontlaw hám úskenelew boyınsha mánzilli dizimdi tastıyıqlaw, balalar baqshalarınıń materiallıq-texnikalıq jaġdayın úyrenip, mebel, asxana úskeneleri, oyın maydanshaları hám sport inventarlarına bolġan talaptı anıqlaw hám de jaqın 2 jılda mámleketimizdegi barlıq baqshalardı úskenelew boyınsha hújjetlerdi tayarlaw zárúrligi aytılġan.

Jańa salınatuġın hám rekonstruktsiyalanatuġın baqshalardıń joybar-smeta hújjetlerin sapasız tayarlaw, qurılıs hám remontlaw jumısların aqırına jetkermew, ayırımların remontlamastan qaldırıp ketiw jaġdayları kòp ushırasıp atırġanı sınġa alındı.

Sonday-aq, mámleket-jeke sheriklik tiykarında mámleketlik emes baqshalar tarmaġın keńeytiw máselesi de qararda keltirilgen. Aymaqlarġa biriktirilgen kommertsiyalıq bankler hám isbilermenler tárepinen 2018-jılda jámi 222 mıń balaġa mòlsherlengen 3 mıńnan zıyat mámleketlik emes balalar baqshasın shòlkemlestiriw jobalastırılġan. Sonnan 1 mıń 200i jańa salınatuġın binada, 1 mıń 360ı burınnan bar binalarda hám 470i úy baqshası sıpatında shòlkemlestiriledi.

Usı sebepli hákimlikler jeke menshik baqshalar ushın jer hám bina ajıratıw, bankler bolsa kredit beriw haqqındaġı òz qararlarında bunday binalardan keminde 15-20 jıl dawamında baqsha sıpatında paydalanıw zárúrligi haqqındaġı shártlerdi názerde tutıwı kerek.

Mámleketlik-jeke sheriklik tiykarında menshik baqshalar shòlkemlestiriw boyınsha da bir qatar wazıypalar belgilendi.

Finans ministrligine Mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerin rawajlandırıw fondın dúziw, Fond qarjıların mámleketlik emes balalar baqshaları ushın bina hám imaratlardı satıp alıw, jańadan salıw, rekonstruktsiyalaw hám remontlaw jumıslarına jeńillikli stavkada kredit ajıratıwġa baġdarlaw tapsırıladı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministrligine mámleketlik-jeke sheriklik tiykarında baqshalardı shòlkemlestiriw modelleri, mámleketlik hám jeke sheriktiń

huqıqları hám májbúriyatları, baqshalardı qánigeli kadrlar menen támiyinlew boyınsha nızam joybarın islep shıǵıwdı tezlestiriw wazıypası qoyılǵan.

Hákimlikler hám banklerge 2018-jılda shólkemlestiriletuǵın 3 mıńnan zıyat menshik baqshanıń hár biri boyınsha jer, bina hám kredit ajıratıw, baqshalardı iske túsiriw múddetleri anıq belgilengen kestelerdi islep shıǵıw hám tastıyıqlatıw boyınsha kórsetpe berildi.

Qararda balalardı sapalı awqatlandırıw, kórpe, kópshik hám jamılǵılardı belgilengen múddetlerde almastırıw, dári-dármaq hám juwıw quralları ushın ajıratılatuǵın qarjılar muǵdarı jeterli ekeni anıq esap-kitap islenedi.

Mektepke shekemgi bilim beriw ministrligi hám onıń orınlardaǵı bólimleriniń basshıları baqshalarda balalardıń belgilengen ólshemler tiykarında salamat hám durıs awqatlanıwın shólkemlestiriwge tikkeley juwapker boladı.

Den sawlıqtı saqlaw ministrligi baqshalarda awqatlardı tayarlaw, azıq awqat ónimlerin qabıl etiw hám saqlawda sanitariya normaları hám gigiena qaǵıydalarına qatań ámel qılınıwın baqlap baradı.

Balalar tárbiyası protsesine óz isin puxta biletuǵın, tájiriybeli hám hár bir balaǵa individual jantasa alatuǵın pedagog-kadrlardı tartqan halda, olardı kishkenesinen baslap sana-sezimin qáliplestirip barıw wazvypası júklendi.

Bul baǵdardaǵı úyreniwler nátiyjesinde kelesi 3 jılda mektepke shekemgi bilim beriw sistemasında 47300 den zıyat joqarı maǵlıwmatlı pedegog-kadrlar, solardıń ishinde 28300 tárbiyashı, defektolog, psixolog, muzıka basshısına mútájlik payda bolıwı anıqlanǵan. Sol sebepli, 2018-2019-oqıw jılınan baslap, joqarı bilim beriw mákemelerinde «Mektepke shekemgi bilim beriw» baǵdarında kúndizgi formada 3 jıllıq bakalavrlar tayarlaw sisteması engiziledi. Bunda aldıńǵı shet el tájiriybesi, atap aytqanda, Qubla Koreyanıń jetekshi universitetleri tájiriybeleri tiykarında jańa oqıw rejesi hám baǵdarlamaları islep shıǵıladı.

Mektepke shekemgi tálim tárbiya maselesi biz úyrengen «Erkin Qaraqalpaqstan» gazeiasında da óz sáwleleniwin tapqan. A.Artıqbaevtıń «Bir

shańaraq perzentleri»[38], Z.Jaqsımuratovanıń «Balalıq baqshadan baslanadı»[39], Z.Erekeevanıń «İsbilermenlikke keń jol»[40] maqalaları Prezident qaraınan soń tayarlanıp orınlarda mektepke shekemgi tálim-tárbiya máselelerine arnalǵan.

[38] А.Артықбаев.Бир шаңарақ перзентлери. //Еркин Қарақалпақстан.23-апрель,№64.
[39] З.Жақсымуратов.Балалық бақшадан басланады.// Еркин Қарақалпақстан.31-август,№78.
[40] З.Ерекеева. Исбилерменликке кең жол.// Еркин Қарақалпақстан.12-сентябрь,2017ж,№81.

# JUWMAQ

Jámiyetti demokratiyalastırıw hám mámlekette modernizatsiyalawdaǵı keń kólemli reformalar, gúmansız, ǵalaba xabar quralların zaman talapları dárejesinde is júritiwge de óz tásirin kórsetpekte. ózbekstan Respublikası Konstitutsiyası hám sońǵı jıllarda qabıllanǵan ǵalaba xabar quralları hám jurnalistika xızmeti menen baylanıslı bir qatar nızamshılıq tarawında úlken jańalanıw hám ózgerisler protsessine huqıqıy tiykar hám ámeliy tiykarlar jarattı.

Mámleketimizde baspa hám elektron ǵalaba xabar qurallları, basılımlar, baspa kárxanaları sáne jıl sayın kóbeyip atırǵanlıǵı, tek ǵana san jaǵınan bálki, ekonomikalıq texnik bazası bekkemlenip atırǵanlıǵı milliy informatsiya mákanınıń rawajlanıw jolınan baratırǵanlıǵın kórsetedi.

Mámleketimizde informatsiya kommunikatsiya texnologiyalarınıń jedel rawajlanıwı elektron ǵalaba informatsiya qurallarınıń kóbeyiwine, İnternet basılımlarınıń ashılıwına alıp keldi.

Nátiyjede İnternet jurnalistikası dep atalǵan jańa dóretiwshilik jónelis qáliplespekte.

Bul ózgerisler sońǵı dáwirde mámleketimizde bolıp ótken áhmiyetli siyasiy waqıya- mámleket parlamenti hám máhálliy keńeslerge ótkerilgen saylawlar waqtında óz imkaniyatların ayqın kórsetti. Bul saylaw kompaniyasın demokratiyalıq tárizde sáwlelendiriwde oǵırı zárúr bolǵan sóz erkinligi, ǵalaba informatsiya qurallları ǵárezsizliginiń támiyinlengenligi saylaw basqıshlarınıń baspasózde haqıyqat hám qalıs jaratıwına imkan berdi. Barlıq partiyalar hám olardıń talabanları ushın saylaw aldı úgit-násiyatlawda baspasóz, televidenie, radio arqalı úgit-násiyatlaw islerin alıp barıwda teń sharayat jaratılıp beriliwi tek ǵana saylawda qatnasqan subektler, yaǵnıy jurnalistler jelkesine de úlken juwapkershilik júkledi.

Búgingi kúnde ġalaba xabar qurallarınıń aldına qoyılatuġın talaplar kỏp. Biraq, eń tiykarġısı, sheshiwshi talap shınlıqtı, turmıstı tolıq kỏlemde sáwlelendiriwden ibarat.

Xalıqtıń siyasiy sawatlılıġın arttırıwda ġalaba xabar quralları ayiarlıqtay jumımlardı orınlamaqta. Ásirese, baspasỏz, sonıń ishnde «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasınıń xızmetleri úlken. Mámleket siyasatın keń auditoriyaga jetkiziwde redaktsiya jámáati ỏzinde bar bay is tájriybege súyenip miynet etip atır. Hár bir redaktsiya tarawlarġa baylanıslı rubrikalar shỏlkemlestiriw, qánigeler menen sáwbetler ỏtkiziw, olaprdıń pikirleri tiykarında materiallar shỏlkemlestirmekte.

Baspasỏzdiń bilim beriw funktsiyası ỏzine tán quramalıqqa iye. Bul redaktordan jokarıv shỏlkemleskenlikti, jurnalistlerden sheberlikti tadap etedi. Mámleket siyasatı kún sayın jańarıp atırgan dáyairde kúnniń temasındaġı material shỏlkemlestiriw ushın redaktordan tereń bilimli intellektual qabiletti talap etedi. Biziń pitkeriw qánigelik jumısımızda xalıqtıń siyasiy sawatlılıgan jetilistiriwde baspasỏzdiń xızmetin úyrendik. İzertlewimiz juwmaġında tỏmendegi juwmaqqa keldik.

1-den, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetası xalıqtıń siyasiy sawatlılıġın jetilismtiriwde Prezident pármanların járiyalap otırdı. Húkimetlik qarar hám pármanlardı, Prezident biyligin járiyalawdıń úsh túri qáliplesken.

1) Húkimetlik qarar hám pármanlardı, Prezident biyligin ỏz waqtında járiyalaw;
2) Prezident biyligi, qararları boyınsha Túsinikti járiyalaw;
3) Húkimetlik qarar hám pármanlardı, Prezident biyligin boyvnsha qánigeler menen sáwbet ỏtkiziw;
4) Húkimetlik qarar hám pármanlardı, Prezident biyligine baylanıslı jámiyetshilik pikirin shỏlkemlestiriw.

Pitkeriw qánigelik jumısımızdı orınlaw barısında baspasȯz xızmetkeri intellektual bilim iyesi bolıwı kerek degen pikirge keldik. Sebebi, «Erkin Qaraqalpaqstan»day siyasiy-jámiyetlik gazeta ushın operativ topar zárúr. Onda islewshi jurnalistler ekonomikadan, huqıqtan, tariytan, milliy mádeniyattan xabardar bolıwı kerek, sonda ġana milliy baspasȯzitmizdiṅ haqıykıy xadıqlıq tribunaġa aylandırıw múmkin.

Paydalanılǵan ádebiyatlar.

**Сиясий әдебиятлар**

Ўзбекистон Республикасининг конституцияси. Тошкент «Ўзбекистон» нашриёт матбаа ижодий уйи 2008.

И.А.Каримов. «Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш» Тошкент «Ўзбекистон» 2009. 5-б

Мирзиёев.Ш.М. Танқидий таҳлил қатий тартиб-интизом ва шахсий жаврбгарчилик – ҳар бир раҳбар фаолиятиниг кундалик қоидаси бўлиши керек. Т., «Ўзбекистон» 2017.38-б

Конституция – еркин ҳәм абадан турмысымыз, мәмлекетимизди җәне де раўажландырыўдың беккем тырнағы

Президент Шавкат Мирзиёевтың Өзбекистан Республикасы Конституциясы қабыл етилгенининң 25 жыллығына бағышланған салтанатлы жыйналыстағы баянаты.// «Еркин Қарақалпақстан», 2017-жыл,10-декабрь.

Илимий-изертлеў мекемелерининң инфраструктурасын җәне де беккемлеў ҳәм инновациялық жумысын раўажландырыў шара-илажлары ҳаққында»ғы Президент қарары. 5-январь.2017-жыл

«Нәгиранлығы болған инсанлар ҳуқықлары ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызам

Өзбекстан ветеранларын қоллап қуўатлаў «Нураний» қорының жумысын буннан былайда жетилистириў илажлары ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Президенти Парманы.// Екрик Қарақалпақстан. 22-декабрь, 2016-жыл.№148.

«Халыққа мәмлекет хызметлерин көрсетиўдиң миллий системасын түп-тийкарынан реформалаў ис-илажлары ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Президенти Пәрманы, 2017-жыл 12-декабрь

**Илимий-методологиялық әдебиятлар**

Абдуазизова Н. Миллий журналистик тарихи II. «Шарқ» Нашриёт-матбаа акциядорлик компанияси бош тахририяти Т-2008.23-24-б.

Bekbauliev D. Gazeta qalay shig'adi? N. «Билим» 2011.3-бет

Шкондин М.В. Организация средств массовой информацтт и пропоганды. – М.,1985.

Корконосенко С. Осноаы текории журналистики. СПб.1995.

Маматова Ё.Периодическая печать Узбекистана: транформация систем, тенденции и проболкмы функционирования (на мавтериалах за 1991-2010г.г).Т.,2006.

## Газета материаллары

Базаргул Зиваров. Сапалы юридикалық хызмет // Еркин Қарақалпақстан.

Жәмлескенлик пенен қатнасты. Қарақалпақстан хабар агентлиги// Еркин Қарақалпақстан.

Д.Абибуллаев «Экология ҳәптелиги» шеңбериндеги илаж // Еркин Қарақалпақстан.

К.Кунназаров. Нуранийлардың Ҳийўа сапары// Еркин Қарақалпақстан.

Н.Халмуратов,П.Шылманов, О.Исмайлов. Нуранийлар ырза болды// Еркин Қарақалпақстан.06.06.2017.№72.

А.Самадов. Шаңарағымыздың шамшырағы, жәмийетимиздиң көрки.// Еркин Қарақалпақстан.

Артықбаев А. Бир шаңарақ перзентлеримиз// Еркин Қарақалпақстан.

Жаниев С. Транспорт хызметин жақсылаў ушын // Еркин Қарақалпақстан.

С.Абаев, М.Якупов.Миллетлер аралық татыўлық –муқадес қадирият.// Еркин Қарақалпақстан.2017.01.06.№69-70.

А.Баймуратов. Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинлигиң кепили.// Еркин Қарақалпақстан.

С.Турманов. Инсан мәплерине хымет етеди// Еркин Қарақалпақстан.

Б.Пиренов. Уллы ислер билим ҳәм тәрбиядан басланады// Еркин Қарақалпақстан.15.06.2017.№76.

Бегзод Хиоятов. «Өзекстан ҳаўа жоллраы» ғарезсиз елдиң беккем қанаты// Еркин Қарақалпақстан.31-январь2017ж №15.

П.Хожамуратова. «Нураний»қорының аналарга ҳүрмети// Еркин Қарақалпақстан..

К.Юсупов. Нуранийлар жаслар арасында. // Еркин Қарақалпақстан.

Е.Ерманов. Нуранийларың Самарқандқа сапары. // Еркин Қарақалпақстан.25-май.2017ж.№66.

Мурат Курбанов.Сапалы медциналық хызмет –тийкарғы мақсетимиз. (СТ)// Еркин Қарақалпақстан.18-апрель,2017.№48-49.
К.Елмуратов.Халқымыз мәпин хызмет етеди// Еркин Қарақалпақстан.
А.Кудияров. Китапханаға итибар- келешекке итибар// Еркин Қарақалпақстан.
Ә.Оразов. Руўхый азығымыз тийкары.// Еркин Қарақалпақстан.№27
А.Артықбаев. Китап билим булағы// Еркин Қарақалпақстан.2017-ж 14-март.№31.
Ж.Төремуратова. Тәрбия қуралы ямаса окыўшыларды китап оқыўға үйретейик// Еркин Қарақалпақстан.
Жаниев С. Кексе жаўынгерге ҳурмет.// Еркин Қарақалпақстан.2-май,2017.№43.
К.Каримов. Китап билим булағы ямаса Призидент бийлигинен соңғы ойлар.// Еркин Қарақалпақстан.2-февраль,2017.№16.
Д.Абибуллаев. Транспорт хызмети житонда әмелге асырлады.// Еркин Қарақалпақстан.
Н.Мамбетырзаева. Мүражатлар тыңланып машқалалар сапластырмақта. // Еркин Қарақалпақстан.
Н.Мамырзаева. Жансыз китаптағы жанлы ҳақыйқатлық.// Еркин Қарақалпақстан.№31
С.Жаниев. Биометрикалық паспортлар бериў турақлы итибарда. // Еркин Қарақалпақстан.
С.Жақсымуратова. барлығы бақшадан басланады.// Еркин Қарақалпақстан.
Жолаўшыларға арналган жеңилликлер// Еркин Қарақалпақстан.18-февраль 2017.№22.
З.Қаниязова. Арихеолог илимпаз окыўшылар арасында.// Еркин Қарақалпақстан.10-июнь,2017.№74.
Н.Усманова. Елимизди раўажланыў жолындағы жуўапкергилик.// Еркин Қарақалпақстан.
С.Жаниев. Халық сейиллерине марҳамат.// Еркин Қарақалпақстан.
Г.Халмуратова. Қәлбимизде мәңги жасайды. // Еркин Қарақалпақстан.2-февраль 2017.№1б
Қ.Юсупов. Жаслардың ҳақыйқый ғамхоршысы еди.
У.Аманбаева. Калбимизде мәңги жасайды.
Д.Абибуллаев. Биринши Призидентимиздиң естелигине бағышланды.
Т.Жаримбетова. Биринши Президентимиздиң естелигине бағышланды.
Ғ.Хожаниязов. Уллы реформатор. //Еркин Қарақалпақстан. 31-январь,2017.№15.
Бегзод Базаров. Еркин экономикалық зоналардың жумысы жетилиспекте.// Еркин Қарақалпақстан.19-январь,2017.

Ш.Уснатдинов. Кекселери қәдир тапқан ел.// Еркин Қарақалпақстан.

Ш.Уснатдинов. Ата-бабалардың дәстүрине садыклық.// Еркин Қарақалпақстан.

Б.Убайдуллаев.Хожалық судлары систмасында регионаллық аппеляция судларының шөлкемлестирилиўи.// Еркин Қарақалпақстан.

А.Нурлиписов. Пуқалардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаў кепиллиги.// Еркин Қарақалпақстан.7-январь2017ж,№4.

Д.Каримов. Нураний қоры орайлық кеңесиниң мәжилиси.// Еркин Қарақалпақстан.

Ж.Базарбаев. Илимге ҳүрмет – раўажланыў тийкары.// Еркин Қарақалпақстан.30-май,2017.№68.

Алима Маткаримова (Деп минб) Саламатлық жолындағы әмелий ислер.// Еркин Қарақалпақстан.30-май,2017 №64.

Н.Рейпназаров. Пуқаралық паспорты тапсырылды. // Еркин Қарақалпақстан.30-май,2017 №64.

А.Жиемуратов. Мойнақ және де гүлленеди. // Еркин Қарақалпақстан.

З.Еркеева.Исбилерменликке кен жол. Еркин Қарақалпақстан.

А.Тажимуратов.Биометрикалык паспортлар бериў – талап дәрежесинде. Еркин Қарақалпақстан.

Ө.Өтеулиев. Қанлыкөлдин алтын сакадай гербишлери. Еркин Қарақалпақстан.